ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№118 (24.244) • 2021 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 2, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

• КъБР-м и Парламентым





## Бжьыхьэ лэжьэгъуэр яублэ

**КъБР-м и Парламентым и бжьыхьэ лэжьэгъуэр фокIадэм и 30-м къызэIуахащ. Зэрыхабзэу, зэIущIэм и пэм Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я къэрал гимнхэр къеуащ.**

ЗЭIУЩIЭР иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Праламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ.** Абы хэтащ УФ-м и сенатор - КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэ **Ульбашев Мухьэрбий**, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, КъБР-м и прокурор **Хабаров Николай** сымэ.

Егоровэ Татьянэ Геккиев Заур зыхуигъазэри, УФ-м и Къэрал Думэм и еянэ зэхыхьэгъуэм хагъэхьа депутатхэм ехъуэхъуащ, ехъулIэныгъэ яIэну, хэхакIуэхэм я дзыхь къызэрырагъэзар ягъэпэжыну зэригуапэр дыщIигъуащ.

ЗэIущIэм депутатхэм зэдэарэзыуэ Iэ яIэтащ Жэмыхъуэ Мадинэ Дзэлыкъуэ районым и суд IуэхущIапIэ №3-м и зэзыгъэкIуж хеящIэу, Созаевэ Аминат Шэрэдж районым и суд IуэхущIапIэ №2-м и зэзыгъэкIуж хеящIэу ягъэувыну къызэрагъэлъэгъуам теухуауэ.

КъБР-м и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудитор къулыкъум хахащ Марьяш Иринэ.

КъБР-м и Парламентым и депутат Пономаренкэ Роман ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ комитетым къыхагъэкIыжри, Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ комитетым хагъэхьащ. Апхуэдэуи иужьрейм и унафэщIхэм ящыщ ар ящIащ.

Депутатхэр арэзы техъуащ «КъБР-м и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законыр къызэращтам ипкъ иткIэ республикэм и хабзэубзыху акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектым и япэ еджэгъуэм.

«КъБР-м и зэзыгъэкIуж хеящIэхэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр зэхагъэуващ 2021 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м Федеральнэ закон №63-р къызэращтам ипкъ иткIэ. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, зэзыгъэкIуж хеящIэр япэу щыхахым деж илъэсищкIэ ягъэув, щIэрыщIэу щыхахыжкIэ - пIалъэншэу.

Депутатхэр япэ еджэгъуэу едэIуащ «IуэхущIапIэхэм я мылъкум техьэ налогым теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ щхьэхуэхэм къару ямыIэжу къэлъытэным и IуэхукIэ», «ЩэкIуэгъуэр къызэрызэрагъэпэщымрэ абы ехьэлIа фIыгъуэхэр зэрахъумэмрэ теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законхэм я проектхэм.

КъищынэмыщIауэ, КъБР-м административнэ хабзэхэр къызэпемыгъэудынымкIэ и кодексым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа законопроектым япэ еджэгъуэу депутатхэр хэплъащ. Абы дыщIагъуну къыхалъхьэ зыми и нэIэм щIэмыт псэущхьэхэм зэрахущытыпхъэр къызэпызыудхэм жэуап зэрырагъэхьынур къыщыгъэлъэгъуа Iыхьэ 4.14-р.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*



## Къэбэрдей-Балъкъэрым унэхэр гъэплъыын щыщIадзэ

**Дунейр щIыIэ зэрыхъуам, эпидемиологие щытыкIэр зэрытхIийм, цIыхухэр къызэрылъэIуам къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым унэхэр гъэплъыын щыщIадзащ фокIадэм и 30-м.**

2021 - 2022 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ зэманым щIыналъэр зэрыхуэхьэзырымкIэ паспортым ипкъ иткIэ псэупIэ-коммунальнэ комплексым хиубыдэ унэхэм я щытыкIэр комиссэм къипщытащ икIи ахэр зэрагъэплъынум зэрыхуэхьэзырыр къигъэлъэгъуащ.

Ди лъахэгъу Тут Заур къэрал псом къыщацIыху эстрадэ икIи академическэ уэрэджыIакIуэу, а IэщIагъэм ныбжьыщIэхэр хуэзыгъасэ егъэджакIуэ гумызагъэу, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэу. Ар цIыхубэм игу дыхьащ игъэзащIэ уэрэд цIэрыIуэхэмкIэ, и макъ лъэщымкIэ, и утыку итыкIэ екIумкIэ, и цIыху хэтыкIэ IэсэмкIэ. Тухманов Давид и «Вечная весна», КIыщокъуэ Алим и псалъэхэр зыщIэлъ «На мою ладонь садитесь птицы» уэрэдхэр, нэгъуэщIхэри мыхъур зыхуэхъуауэ жыпIэкIэ ущымыуэну артистым утыкушхуэм щигъэзэщIащ икIи щыжеIэ цIыхухэр хьэщыкъ зыщIа макъамэ Iэдакъэщ IэкI куэд.

Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Дагъыстэным я цIыхубэ артистщ Тут Заур. А гулъытэхэм зэрагъэиным хуэдиз дыдэ къалэнуи и пщэ къызэрыдалъхьэр фIы дыдэу къыгуроIуэ абы, аращ еш имыщIэу лъэпкъ гъуазджэм щIыхуэлажьэр, и щIэныгъэр щIэблэм ябгъэдилъхьэным щIыхущIэкъур, и лъахэгъухэри дзыхь къезыгъэза дэтхэнэ зыри игъащIэми щIимыгъэщIэхъуар.

*Тут Заур теухуа тхыгъэм 10-нэ напэкIуэцIым фыкъыщеджэ.*



**2021 гъэм и бжьыхьэм цIыхухэр дзэм къулыкъу щащIэну гъэкIуэнымкIэ лэжьыпхъэхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Дзэ къулыкъумкIэ къалэнхэмрэ дзэм къулыкъу зэрыщащIэмрэ я IуэхукIэ» Федеральнэ законым тету икIи 1994 - 2003 гъэхэм къалъхуахэу зи ныбжьыр илъэс 27-рэ иримыкъуахэр икIи запасым щымыIэхэр 2021 гъэм и бжьыхьэм дзэм къулыкъу щащIэну гъэкIуэныр къызэгъэпэщын мурадкIэ **унафэ сощI**:

1. Къэщтэн мы Указым щIыгъухэу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр дзэм гъэкIуэнымкIэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ цIыхухэр дзэм гъэкIуэнымкIэ я комиссэхэм хэтхэр;

2021 гъэм и бжьыхьэм дзэм къулыкъу щащIэну ираджэн хуей цIыхухэм я узыншагъэр къэзыпщытэну икIи абыхэм еIэзэну медицинэ IуэхущIапIэхэм я спискэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я органхэм чэнджэщ етын 2021 гъэм и бжьыхьэм цIыхухэр дзэм гъэкIуэныр ягъэува пIалъэхэм кърихубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм ящIыгъуу къызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм транспортым щыIэ и Налшык линейнэ къудамэм чэнджэщ етын цIыхухэр дзэм ягъэкIуэну щызэхуашэс икIи командэхэр щрагъажьэ махуэхэм республикэм и зэхуэшэсыпIэ пунктхэм, гъущI гъуэгу станцхэм, автовокзалхэм жылагъуэ хабзэр хъумэныр къыщызэрагъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIэнхабзэмкIэ министерствэм хуэгъэувын цIыхухэр дзэм къулыкъу щащIэну зэрагъакIуэм пыщIа Iуэхухэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къыщагъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм фокIадэм и 27-м*
*№104-УГ*

# Бжьыхьэ лэжьэгъуэр яублэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

«Унагъуэм, анэм, адэм, сабиигъуэм хуащI гулъытэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 21-7-м халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм щытепсэлъыхьым, КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим** жиIащ дэфтэрым ипкъ иткIэ, унагъуэ хуэмыщIахэм мазэ къэс зэрызыщIагъакъуэ ахъшэр зэрагъэув щIыкIэм 2021 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ зэрызихъуэжыр. Псалъэм папщIэ, къыхалъхьэ сабийр ирипсэун щхьэкIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейуэ щIыналъэм щагъэува ахъшэм и процент 50-р ирату зэраубзыхуа Iэмалыр зэрыщытауэ къагъэнэжыну. ДэIэпыкъуныгъэр яIэрыхьа нэужь, унагъуэм щIэс дэтхэнэми цIыхур ирипсэун щхьэкIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм хуэдизыр темыхьэмэ, зэрызыщIагъакъуэ ахъшэр процент 75-м нагъэсыну къагъэлъагъуэ. Апхуэдэ Iэмалыр къагъэсэбэпауэ итIани унагъуэр хуэныкъуэу къалъытэмэ, апхуэдэхэм дэIэпыкъуныгъэр проценти 100 хуащIынущ.

- Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мазэ къэс дэIэпыкъуныгъэр щаIэрохьэ цIыхур ирипсэун папщIэ зыхуейм хуэдиз къэзымыхь унагъуэ мин 40-рэ 600-м. 2021 гъэм сабийр нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр сом 13815,25-рэ мэхъу, - къыхигъэщащ Асановым.

Министрым дыщIигъуащ дэIэпыкъуныгъэр зэрагъэув IэмалыщIэм тету, унагъуэр зэрыхуэмыщIар къызэралъытэм елъытауэ, хуагъэувынущ: сом 6907-рэ, сом 10136-рэ е 13815-рэ хъуурэ.

ЗэIущIэм япэ еджэгъуэу депутатхэр щыхэплъащ «ЛэжьакIуэ щхьэхуэхэм я улахуэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 4-1-м, «КъБР-м и туризм лэжьыгъэм теухуауэ», «КъБР-м и зыгъэпсэхупIэхэмрэ узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж щIыпIэхэмрэ, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэм ятеухуауэ», «КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ я Iуэхухэр къызэрыщызэрагъэпэщым теухуауэ» КъБР-м и законхэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуа законопроектхэм.

ЗэIущIэм щедэIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм зэрагъэзэщIам теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и отчётым.

КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ** зэрыжиIамкIэ, республикэ бюджетым и хэхъуэр сом мелард 21-рэ мелуан 938,3-кIэ ягъэзэщIащ, къигъэсэбэпар сом мелард 21-рэ мелуан 269,4-рэщ. Профицитыр сом мелуан 668-рэ мэхъу.

Налог хэхъуэхэр сом меларди 5-рэ мелуан 755-рэ хъуащ (проценти 120,1-рэ), нэгъуэщI хэхъуэхэр - сом мелуан 355-рэ (проценти 121,3-рэ). Зымыгъэзэж хэхъуэу республикэм къыIэрыхьащ сом мелард 15,8-рэ - илъэсым тещIыхьам и процент 50. 2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу республикэм и къэрал щIыхуэр сом меларди 7-рэ мелуан 330,7-рэ мэхъу.

ЗэIущIэ нэужьым **Егоровэ Татьянэ** къыхигъэщхьэхукIащ бжьыхьэ лэжьэгъуэм КъБР-м и Парламентыр нэхъыщхьэу къызытеувыIэну Iуэхухэр. Абы жиIащ бжьыхьэ сессиер гъатхэ лэжьэгъуэм нэхърэ зэрынэхъ кIэщIыр, ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу, Iуэхугъуэ купщIафIэхэр зэрырагъэкIуэкIынур.

- Бжьыхьэ лэжьэгъуэр щIэддзэжащ УФ-м и Къэрал Думэм и хабзэубзыху лэжьыгъэр къэкIуэну илъэситхум зыгъэбелджылыну хахахэр я къалэным щыпэрыхьэм техуэу. Абы къыхэкIыу КъБР-м и Парламентми и лэжьыгъэр абыхэм къыхалъхьэм куэдкIэ хуэунэтIауэ щытынущ. Къэрал Думэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу хэтыну хахахэм нобэ сехъуэхъуащ икIи сащогугъ, нэхъ ипэIуэкIи хуэдэу, дяпэкIи купщIафIэу дызэдэлэжьэну, - къыхигъэщащ Егоровэм. - Зэрыхабзэу, ди нэIэ тедгъэтынущ федеральнэ законодательствэм игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэм тещIыхьауэ ди щIыналъэ законхэри зэрызэдгъэзэхуэнум. Псалъэм папщIэ, нобэрей зэIущIэм къыщытщтащ УФ-м и Конституцэм ипкъ иткIэ республикэ закон зыбжанэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхэтлъхьэр къыщыгъэлъэгъуа дэфтэрхэр. Къыхэзгъэщыну сыхуейт КъБР-м и Парламентыр сыт щыгъуи хуэдэу набдзэгубдзаплъэу зэрыхэплъэнур республикэ бюджетыр къэкIуэну илъэсищым зэрытрагуашэм теухуа законым и проектым. Апхуэдэуи депутатхэм гулъытэ хэха хуащIынущ республикэ законхэр зэрагъэзащIэми. Парламент къэпщытэныгъэхэм хиубыдэу Iуэхугъуэ 30-м щIигъу едгъэкIуэкIыну ди мурадщ. Абыхэм къызэщIедгъэубыдэнущ стIол хъурейхэр, комитетхэм, Правительствэм хухах сыхьэтхэр, районхэм щедгъэкIуэкI зэIущIэхэр, нэгъуэщIхэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым и илъэси 100-м и щIыхькIэ къызэдгъэпэщынущ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей Федерацэм хэту: щIэдзапIэр, зэрызэфIэувар, зэрызиужьар» зыфIэтща конференцыр. Си гугъэмкIэ, щIэщыгъуэ икIи щхьэпэ хъунущ депутат ныбжьыщIэхэм я зэхыхьэ къызэрызэдгъэпэщынури. Мазищ пIалъэкIэ дызэлэжьын Iуэхугъуэ куэд диIэщ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей-пэжым и телъхьэу» партым и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыIэм и унафэщI **Кебеков Владимир Сэфарбий и къуэм** хуогузавэ абы и шыпхъу **Бетрожь (Кебековэ) ФатIимэ Сэфарбий и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

# КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Кавказ Ищхъэрэм и къуршхэм зыщызыгъэпсэхухэм шынагъуэ къатемыгъэхьэным теухуа зэIущIэм

**Видеоконференцсвязым и Iэмалхэр къигъэсэбэпри КIуэкIуэ Казбек хэтащ Кавказ Ищхъэрэм и къуршхэм зыщызыгъэпсэху туристхэм шынагъуэ къатемыгъэхьэным теухуауэ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Чайкэ Юрий иригъэкIуэкIа зэIущIэм.**

ЛЭЖЬЫГЪЭМ хэтащ Урысей Федерацэм граждан зыхъумэжыныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гузэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Чуприян Александр, ТуризмэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Догузо-вэ Залинэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ субъектхэм я Iэтащхьэхэр, туризмэм и IуэхущIапIэхэм я шынагъуэншагъэмкIэ ассоциацэм, нэгъуэщI IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым Чайкэ Юрий къигъэлъэгъуащ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я дежкIэ туризмэм и IэнатIэм стратегие мыхьэнэ зэриIэр, экономикэм зегъэужьынымкIэ ар хэкIыпIэ нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр. Абы къыхэкIыу цIыхухэм шынагъуэ къатемыгъэхьэным туризмэм зегъэужьынымкIэ куэд елъытащ.

«Къэгъэлъэгъуэн хуейщ Урысейм и МЧС-м Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ и къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ отрядым хэтхэм я IэкIуэлъакIуагъэр, лIыгъэр, хахуагъэр. Иджыблагъэ къэхъуа гузэвэгъуэм хэхуахэр къегъэлыным теухуа лэжьыгъэхэр дунейр хуабжьу щызэIыхьа зэманым, жэщым ирихьэлIами, абыхэм уи фIэщ мыхъун зэфIэкI къызэкъуахащ - къуршым щыгъуэща псори къагъуэтыжащ, хэкIуэдахэм я хьэдэхэри кърахьэхыжащ», - гу лъаригъэтащ къызэхуэсахэм Чайкэ Юрий.

Мы Iуэхум и лъэныкъуэкIэ Урысейм и МЧС-м илэжьыпхъэу къилъытэхэр зэIущIэм щыжиIащ Урысей Федерацэм граждан зыхъумэжыныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гузэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Чуприян Александр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ тепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субъектхэм я къэрал властым и органхэм бгылъэ щIыпIэхэм туризмэм зыщегъэужьынымкIэ зэфIагъэкIхэм.

ЗэIущIэм къыщапсэлъахэм япкъ иткIэ зыхуэфащэ IэнатIэхэм къалэн пыухыкIахэр хуагъэуващ икIи ахэр гъэзэщIа зэрыхъум и нэIэ тригъэтынущ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым.



# Коронавирусыр зэуалIэхэм я бжыгъэм хохъуэ

**Оперативнэ штабым къызэритымкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым аргуэру коронавирус уз зэрыцIалэм зыщиубгъуу хуежьащ. ФокIадэм и 30-м ирихьэлIэу сымаджэщу плIым цIыху 872-рэ щIэлъащ (сабийуэ 15 яхэту), абыхэм ящыщу 106-р хьэлъэ дыдэу. Хэхауэ шынагъуэу щыт уз зэрыцIалэхэр зэуэлIахэм щеIэзэ сымаджэщхэм а зэманым щыIащ сымаджэхэм папщIэ гъуэлъыпIэу 937-рэ.**

КОРОНАВИРУС уз зэуэлIахэм иджыпсту щоIэзэ сымаджэщу плIым - Налшык и къалэ сымаджэщ №1-м, къалэ сымаджэщ №2-м, Прохладнэ муниципальнэ районым щыIэ район зэхуаку сымаджэщым, Прохладнэ къалэм и сымаджэщым. Лэжьэн щIедзэж Налшык къалэ сымаджэщ №1-м и унэм ковидым щеIэзэну къыщызэIуахауэ щыта сымаджэщым. Мы уз зэрыцIалэм зэрыщеIэзэнум аргуэру хуагъэхьэзырыжащ СПИД-мкIэ центрымрэ Тэрч муниципальнэ районымрэ я сымаджэщхэр.

Махуэ къэс коронавирусыр къеуэлIауэ шэч зыхуащI цIыхуу 200-м нэблагъэм я узыншагъэр компьютер томографхэмкIэ къапщытэ. Апхуэдэ аппаратхэр яIэщ Налшык и къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м, къалэ клиникэ сымаджэщ №2-м, Прохладнэ къалэм дэт район сымаджэщым, унэй клиникэу тIум. НэгъуэщI зы аппарат аргуэру мыгувэу щагъэувынущ Налшык и къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м. Мы уз зэрыцIалэр къызэрежьэрэ компьютер томографхэмкIэ цIыху мини 100-м щIигъум, илъэсыр къызэрыунэхурэ - цIыху 35148-м еплъащ.

Уз зэрыцIалэр зэуэлIахэр къахутэн папщIэ махуэ къэс тест 1700-м щIигъу ирагъэкIуэкI икIи цIыху 80-м нэблагъэ сымаджэ хъуауэ къыщIокI. Иужьрей махуищым къриубыдэу сымаджэ нэхъ хьэлъэу, сымаджэ лъэрытету 160-м щIигъу ягъэгъуэлъащ, махуипщIым къриубыдэу сымаджэщхэм щIэлъхэр 340-кIэ нэхъыбэ хъуащ, а зэман дыдэм цIыху 33-рэ а уз зэрыцIалэм илIыкIащ.

Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, иджыпсту мы узым цIыхур нэхъ хьэлъэ ещI, ар икIи нэхъ гъэхъужыгъуейщ. Язынықъуэхэм деж мы узыфэр зэуэлIахэм къахокI дохутырым мыкIуэу зызыгъэхъужыну хуежьэхэр икIи абыхэм узыр нэхъри хагъэужьынэ. Вакцинэр зыхалъхьахэм ящыщу сымаджэ хъур закъуэтIакъуэщ, апхуэдэхэр узми хьэлъэ дыди ищIыркъым.

Дохутырхэм фигу къагъэкIыж: плъыржьэр, къаруушэ фыхъуу хуежьауэ гу лъыфтэмэ, фыпсчэмэ, икIэщIыпIэкIэ поликлиникэм фыпсалъэу дохутыр къевджэн хуейщ. Апхуэдэу цIыхухэм фащыхыхьэкIэ нэкIуIупхъуэхэр зыIуфлъхьэ, щIэх-щIэхыурэ фи Iэхэр фтхьэщI, Iэмал зэриIэкIэ цIыхухэм защывдзей.

# Хабзэ щызэрахьэ, щIэблэр щагъасэ



***Филологие щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ, ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ лъэпкъ центрым и унафэщI Езауэ Мадинэ и лэжьыгъэм, дэзыхьэххэм, и Iуэху еплъыкIэхэм теухуауэ депсэлъащ.***

**- Мадинэ, Адыгэ центрым и къежьапIэм, мыбы щызэфIах лэжьыгъэм укъытезгъэувыIэнут...**

- Адыгэ центрыр ЦIыпIынэ Аслъэн къызэригъэпэщат. Республикэм щилэжь адыгэ Iуэхур щIалэгъуалэм я дежкIэ щхьэпэ защIэт, акъыл зыхэлът. Университетым и унафэщIхэм абы гу лъатэри, лъэIукIэ къашауэ щытащ. Центрыр зэрылэжьэну мардэхэр яубзыхуат, мурад и куэдт, ауэ лэжьыгъэр шэщIауэ ежьатэкъым гуауэр къыщыхъуам. Илъэсым нэблагъэкIэ зыми и нэIэ щIэтакъым центрыр. ИтIанэ, сэ сыкърагъэблэгъащ. Абы сыщыгуфIыкIатэкъым, пэжым ухуеймэ. ЦIыпIынэ Аслъэн и псэ нэхум щыщ мыбы зэрыхилъхьар сщIэрти, сэ абы хуэфэщэну Iуэхум сыбгъэдэмыхьэфынкIэ сыгузавэрт. ИтIани, къызэхъулIаIауэ схужыIэнущ - нэхъыжьыфI, упщIэжэгъу Iущ уиIэмэ, сыт хуэдэ Iуэхуми шынагъуэ хэлъыжкъым. УпщIэжэгъу тщIауэ щытащ Лъэпкъ музейм, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым я лэжьакIуэхэр. Центрыр екIуу къызэдгъэпэщын хуейт, ауэ мылъку етхьэлIэн диIэтэкъым. ИтIанэ, пэшри тфIэцIыкIут. Мыбдежым Лъэпкъ музейм и дизайнерхэр дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуащ. «Адыгэ хьэщIэщым и концепцэ дывгъэщI» жери къыхилъхьащ музейм и унафэщI Накуэ Феликс. Сыт хуэдэ ар! Адыгэр сыт щыгъуи хьэщIэ кIуапIэщ – ар щебгъэтIысэхын, абы гъэщIэгъуэн щыхъун, гупыжрэ щхьэусыгъуэрэ иIэмэ, джэгу тIэкIу щыпщIын утыку уиIэн хуейщ – ахэр къыздгъэпэщащ. Къэтлъытащ, адыгэм щхъуэкIэплъыкIэу нэм къыщIэуэ зэрыфIэмыфIри. Ди университетым декоративнэ гъуазджэм щыхурагъаджэ къудамэ иIэщ. Абы щащIахэм дыхэплъэри, хьэпшып гуэрхэр къыхэтхащ. ИкъукIэ сэбэп къытхуэхъуащ пхъащIэ Iэзэ, адыгэм и тхыдэм фIыуэ хэзыщIыкI Урыс Аслъэн. Iэнэ лъакъуищхэр, пхъэ вакъэхэр абы едгъэщIауэ щытащ. Iэнэмрэ шэнтымрэ сантиметр дапщэкIэ зэщхьэщыкIын хуей, пхъэ вакъэр къызыхащIыкI пхъэ лIэужьыгъуэр - абыхэм щыгъуазэт Аслъэн. Ахэр ищIыху сэри зыкъомым сыхуригъэджащ.

**- Адыгэ хьэщIэщым щекIуэкI Iуэхугъуэхэр сыт хуэдэ?**

- Ди дежкIэ нэхъыщхьэр цIыхуншэ дымыхъунырщ, мыбдеж хабзэ щызетхьэнырщ, щIалэгъуалэм щапхъэ едгъэлъагъунырщ. Абы къыкIэлъокIуэ университетым щекIуэкI адыгэ Iуэхухэр. Адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ кафедрэм дегъэщIылIащ.

Илъэс къэс университетым «Бербековские чтения» жыхуэтIэр щокIуэкI. Абы жыджэру хэтщ дэ дгъэхьэзыр студентхэр. Университетым щIэнIуатэ щекIуэкIмэ, дыхэтщ. Адыгэ щэнхабзэм, литературэм, щIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа ди нэхъыжьхэм я цIэр зэрытхъумэным, я IуэхущIафэхэр щIэблэм зэредгъэщIэным долэжь. Псалъэм папщIэ, уэ сыпхуэзэн и пэ, проректорым сриджэри, зы папкэ къызитащ, Хэкум ирагъэкIыу къэзыгъэзэжауэ щыта гуэрым и Iэрытххэр иту. Абы студентхэри зыдэзгъэIэпыкъуу селэжьыну сыхуейщ.

Университетым Адыгэ, Балъкъэр, Урыс центрхэр къыщызэрагъэпэщащ. Дэ щыри дыщIыщыIэр, хабзэрэ бзэкIэ дызэщхьэщыкIми, дызэгурыIуэу дыкъызэдэгъуэгурыкIуэм и щапхъэ дгъэлъэгъуэн щхьэкIэщ.

**- Центрым щыфхъумэ хьэпшыпхэм хъыбар зиIэхэр, зыгуэркIэ къахэщхьэхукIхэр яхэт хъунщ, дауи...**

- ХьэщIэщым щытхъумэ дэтхэнэ хьэпшыпри мыхьэнэ зиIэщ. ЗэрытIорысэм лъапIэ ищI хьэпшыпхэр щIэлъщ. «Си гуащэшхуэм и гуащэм ейуэ щытащ, псы иризэрихьэрт», жиIэри зы егъэджакIуэм къытхуихьащ гуэгуэн цIыкIу. Нартан къикIыурэ иригъаджэхэр къытхуишэу ди зэIущIэхэм хэт нэгъуэщI зы егъэджакIуэми къытхуихьащ и анэшхуэм и анэм зэрихьэу щыта, тхыпхъэ гъэщIэгъуэнхэр зытещIыхьа гуэгуэнышхуэ. КъапщтэмэI, а тхыпхъэхэми зыгуэр къаIуатэ. Германием къыздисхауэ сурэт фIэлъщ ди блыным - хамэщIым щыIэу, Хэкур гукIэ зыгъафIэ ди лъэпкъэгъущ зи лэжьыгъэр. Пасэрей дыдэу шыгъулъэ, шыбжиилъэ цIыкIухэр диIэщ, унэжь зыкъутэжам абы къыщигъуэтыжауэ. И щIыкIэкIэ, и лъакъуэ егъэубыдыкIэкIэ епщыкIуиянэ лIэщIыгъуэм ящIауэ хуагъэфэщащ. ДиIэщ Къулъкъужын деж археологхэм къыщыщIатIыкIыжа пасэрей бжьэ. Блыным фIэлъщ Мэзло Руслъан и арджэн, Дидей ФатIимэ мэзыдэкIэ зэпыблауэ ищIа пщащэ ныпыр, Паз Юрэ и фалъэшхуэ. Студентхэм IэкIуэлъакIуэу ящIа лэжьыгъэхэри зыдохьэ.

**- Мадинэ, ди лъэпкъым теухуауэ уиIэ гупсысэмрэ щIэныгъэмрэ къыщежьа уи студентыгъуэм и гугъу къытхуэщI.**

- Си пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым сэ адыгэбзэ къудамэм сыщеджэну. ФIыуэ седжэн хуейти, седжэрт. IэщIагъэ схуэхъуну мурад хузиIэтэкъым. Ди школ къэухыгъуэм ирихьэлIэу, дыщэ медаль къэтхыным щхьэкIэ сочиненэ ттхын хуейт. Урысыбзэмрэ адыгэбзэмкIэ плIы къэсхьри, абдеж щыщIидзащ сэ адыгэбзэм сыхуеджэн гупсысэр. Си унагъуэм зытрагъащIэр экономикэм Ростов сыщыхуеджэнрати, си тхылъымпIэхэри зэхуэтхьэсакIэт. «Сэ адыгэбзэм теухуауэ схузэфIэкIыр фэзгъэлъагъункъэ», - жысIэри, си адэ тхьэмыщкIэм зихъунщIэурэ, экономикэр къэзгъанэри, адыгэбзэм сыкъэкIуат. Си экзамен махуэри сощIэж. ТIэкIу сытемыгушхуэу сытIысат, къыслъыса упщIэхэм жэуап естыну. Абы щыгъуэ ректору щыта Лъостэн Владимир зы упщIэм адрейр къытепщIыкIыжу къызитурэ, си билетым ит упщIэхэм я жэуапым сытришат сэр-сэру. Психолог лъэщу ущытын хуейт апхуэдизу ныбжьыщIэм и къэухьыр къыбгурIуэн щхьэкIэ. Егъэлеяуэ сфIэфIу седжащ. Нало Ахьмэдхъан, Урыс Хьэтэлий, ХьэкIуащэ Андрей сымэ хуэдэхэм урагъаджэу, дауэт бзэм узэрыдимыхьэхынур?! Я зыIыгъыкIэм, я псэлъэкIэ къудейм уеплъырти, къалэн зыщыпщIыжырт къанэ щымыIэу абы къыббгъэдалъхьэ щIэныгъэри, адыгагъэри, цIыхугъэри зыхэплъхьэну. Псалъэ лей гуэри хэмылъу абыхэм уапсыхьырт уадыгэн хуейуэ. Сэ зызохьэ Урыс Хьэтэлий къызитауэ щыта Iэрытххэр, тхылъымпIэхэр гъуэжьыбзэ хъуауэ. Нало Ахьмэдхъан къысхилъхьауэ егъэджэныгъэм зы Iэмал щIагъуэ къыщызогъэсэбэп: студентхэм тхыгъэ зэхызогъалъхьэ, зэпкърызогъэх. Абы къыдехьэх ныбжьыщIэхэр, дерсыр фIыуэ ярегъэлъагъу, итIанэ тхэным, усэным теухуауэ зыгуэрым зэфIэкI иIэмэ, къызэкъуихынымкIэ сэбэпщ. Лэжьэн щIэздза нэужь, нэхъыжьыфIхэм саунэтIащ. Тау Хьэзешэ и щыпкъагъыр згъэщIагъуэрт. АдэкIэ ЦIыпIынэ Аслъэн псоми цIэ лей дахэхэр къытфIищауэ къызэрытхэта зэман кIэщIыр гъащIэ псощ. Иджыпсту кафедрэм и унафэщI ТIымыжь Хьэмыщэ и чэнджэщхэр куэд и уасэщ.

**- Адыгэбзэм хуеджэ студентхэр узыщыгугъын хуэдэ?**

- Диплом къудей щхьэкIэ мыхъуу, еджэну яфIэфIу къыщIэтIысхьэр нэхъыбэщ. Яджыр яфIэгъэщIэгъуэнщ, упщIэ я куэдщ, я жэуап къэтыкIэми фIыкIэ уегъэгугъэ. НэхъыфIхэр, щIэныгъэм нэхъ хуэнэхъуеиншэхэр, къаухмэ, егъэджакIуэу кIуэнхэщ - езыхэми зыгуэр гъуэгу трагъэувэнщ. Абыхэм сахуохъуапсэ, щIэныгъэ зэрагъэгъуэту IэнатIэ пэрыувэ къудей мыхъуу, къэралми гулъытэ къахуищIыну.

**- Адыгэ щIэблэм узыгъэгуфIэу сытхэр ядэплъагъурэ?**

- Нэхъыжь зиIэм нэхъыщIи иIэщ. Жьыр щапхъэ хъумэ, щIэр абы дэмыплъэинкIэ Iэмал иIэкъым. Сэ си гугъэкъым щIалэгъуалэм лъэпкъ хабзэр къафIэмыIуэхуу. Нэхъыбэ ящIэну мэпабгъэ, сакIэлъоплъри. Фащэр, къафэр зэрагъэдахэр псоми долъагъу. ЩIэныгъэми я гупэр хуэгъэзащ, ди гуапэ зэрыхъущи. Я гугъу тщIы хъунущ хамэ къэрал къикIауэ ди деж щеджэ ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэми. Мис мы хьэщIэщым сэ си дэIэпыкъуэгъуу щылажьэ Ащхъуэт Фаридэ апхуэдэ студентхэм адыгэбзэ ярегъэдж. Егъэлеяуэ гугъущ ебгъэджэну, ауэ бзэр зэрагъэщIэну гукъыдэж зэраIэр елъагъури, зыкъригъэлыркъым.

Ди университетым япэ курсыр къаухыху анэдэлъхубзэр щадж мыадыгэбзэ факультетхэм. Пэжщ, закъуэтIакъуэ къащыхэкI щыIэщ адыгэ унэцIэ зезыхьэм урысыбзэр иджыну зыхезыгъатхэ. Ауэ ар закъуэтIакъуэщ. Дэ щIэныгъэ бгъэдэлъхьэкIэкIэ, щхьэж къэдгъэсэбэп егъэджэныгъэ Iэмалхэмкіэ ахэри къыдэтхьэхыу бзэр гъэщIэгъуэн зэращытщIыным и ужь дитщ.

**- Ди лъэпкъым и щэным сыт нэхъыщхьэу хэплъагъуэр?**

- СыныбжьыщIэу, телевизоркIэ зыгуэрхэм сыщеплъкIэ, абы къигъэлъагъуэхэм дэ ди лъэпкъыр къыкIэрыхуу, нэхъ хуэмыхуу къыщысщыхъуу щыта зэман къысхуихуащ. Сызэрымызахуэр сэ езым гъащIэм къызгуригъэIуэжащ. Дыдейхэм хуэдэу нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ зэхущытыкIэ дахэ зи яку дэлъ нэгъуэщI зы лъэпкъи щыIэкъым. Къытхуэнащ ар, тхэлъщ, хэт сыт жиIэми. Адыгэм хуэдэу укIытэм мыхьэнэшхуэ езыт, напэр къабзэу зыхъумэф щымыIэу къызолъытэ. Хабзэ ткIий, тIэкIу гугъу дезыгъэхьи щыIэщ. Ауэ а гугъуехьым ди псэр егъэнщIыж. Мис ар ди лъэпкъым и къарущ.

*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

Махуэгъэпс

**Жэпуэгъуэм и 2,**
***щэбэт***

♦**Залымыгъэ мылэжьыным и дунейпсо махуэщ.** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2007 гъэм къищта унафэмкIэ ягъэуващ, Индием и лъэпкъ щхьэхуитщIыжакIуэ зэщIэхъееныгъэм и пашэу щыта Ганди Махатмэ къыщалъхуа махуэм трагъахуэри.

♦**Социальнэ егъэджакIуэм и махуэщ**

♦**УФ-м цIыхухэм IэщIагъэ егъэгъуэтынымкIэ и лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**Лъэсу къэкIухьыным и урысейпсо махуэщ**

♦**1936 гъэм** зи судыр ящIам нэхъыбэ дыдэу тралъхьэ илъэс бжыгъэр хъуэжыным теухуа унафэ къыщащтащ СССР-м. ЩIэпхъаджагъэ хьэлъэ зылэжьам илъэси 10-м и пIэкIэ илъэс 25-рэ тутнакъэщым щигъэкIуэну ягъэуващ.

♦**1942 гъэм** Краснодон къалэм къыщызэрагъэпэщащ «ЩIэблэщIэ гвардие» щэхурылажьэ комсомол зэгухьэныгъэр.

♦**1945 гъэм** Къэбэрдей пединститутым школ-интернат къыщызэIуахащ.

♦**1882 гъэм** къалъхуащ совет дзэ къулыкъущIэ, Совет Союзым и Маршал **Шапошников Борис**.

♦**1904 гъэм** къалъхуащ союзпсо радиом и диктор, СССР-м и цIыхубэ артист, Хэку зауэшхуэм и зэманым «Совинформбюро»-м и хъыбарыщIэхэм къеджэу щыта **Левитан Юрий**. Аращ Берлин къызэращтамрэ Хэку зауэшхуэр СССР-м и текIуэныгъэкIэ зэриухамкIэ совет цIыхубэм хъыбар яригъэщIэну дзыхь зыхуащIауэ щытари.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм, КъБР-м, АР-м, КъШР-м я цIыхубэ артист **Тут Заур**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-живописец **Ерчэн Исуф**.

♦**1970 гъэм** къалъхуащ пауэрлифтинг спорт лIэужьыгъуэмкIэ плIэнейрэ (1996 – 1999 гъэхэм) дунейм и чемпион хъуа **Хъуажь Юрэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 3,**
***тхьэмахуэ***

♦**Архитектурэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и ОМОН-м и махуэщ**

♦**ФРГ-м и лъэпкъ махуэшхуэщ - зэкъуэтыныгъэм и махуэщ.** 1990 гъэм Германиер зы къэрал хъуэжащ - ГДР-мрэ КъухьэпIэ Берлинымрэ ФРГ-м хыхьэжащ.

♦**1924 гъэм** дунейм къытехьащ «Учительская газета»-м и япэ къыдэкIыгъуэр.

♦**1929 гъэм** сербхэм, хорватхэм, словенхэм я пащтыхьыгъуэм Югославие цIэр фIащащ.

♦**1932 гъэм** Иракым щхьэхуитыныгъэ игъуэтащ - Инджылыз къэралыгъуэм къыхэкIащ.

♦**1933 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1945 гъэм** Профсоюзхэм я дунейпсо федерацэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1645 гъэм** къалъхуащ япэ урысей генералиссимус **Черкасский Михаил (Алей)**.

♦**1895 гъэм** къалъхуащ урыс усакIуэ щэджащэ **Есенин Сергей**.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, генерал-майор **Къатхъэн Мухьэмэд**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Къэбэрдей ФатIимэ**.

♦КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Щоджэн ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ журналист, усакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщIу щыта **ГъущIо Зариф**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 9 – 10 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 4,**
***блыщхьэ***

♦**Псэущхьэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Архитектурэм и дунейпсо махуэщ**

♦**ЦIыхубэм я дежкIэ Хьэрш лъэхъэнэм щыщIидза махуэщ**, Астронавтикэм и дунейпсо федерацэм 1967 гъэм игъэуващ. 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м СССР-м дунейм щыяпэу ЩIым и IэрыщI спутникыр хьэршым иутIыпщащ.

♦**Хьэршым и дунейпсо тхьэмахуэщ**

♦**Урысейм и Дзэ-Хьэрш къарухэм я махуэщ**

♦**УФ-м и МЧС-м граждан зыхъумэжыныгъэмкIэ и дзэхэм я махуэщ**

♦**1916 гъэм** и лъабжьэр ягъэтIылъащ Романов-на-Муроме къалэм. Совет властыр ува нэужь абы и иджырей цIэр - Мурманск - фIащащ. 1985 гъэм абы «къалэ-лIыхъужь» цIэр фIащащ.

♦**1921 гъэм** РСФСР-м и Къэрал банкыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1957 гъэм** СССР-м хьэршым иутIыпщащ ЩIым и япэ IэрыщI спутникыр.

♦**1964 гъэм** Москва къыщызэIуахащ «Хьэршым нэсыфахэм я щIыхькIэ» зыфIаща фэеплъыр.

♦**1986 гъэм** «Iуащхьэмахуэ лъапэ» къэрал лъэпкъ паркыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ **Къумахуэ Аслъэн**.

♦ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарь **Къаншокъуэ Эллэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ДЖАТОКЪУЭ Марьянэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Анэм и псэм дэкIыр и фэм къеIуатэ.**

● ДифI догъэлъапIэ ● Нэхъыжьым и псалъэ ●

### Тхакlуэ, журналист Гъущlо Зариф къызэралъхурэ илъэс 55-рэ ирокъу

# Зи хъэтI зиIэж усакIуэт



ГъущIо Зариф Тыгъуэн и къуэр 1966 гъэм Шэджэм 1-нэ къуажэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-р къиухащ. 1990 гъэм къыщыщIэдзауэ 2014 гъэм нэсыху телевиденэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым щылэжьащ, корреспонденту, редактору, экономикэмрэ къуажэ Iуэхухэмкlэ къудамэм и унафэщIу, ответственнэ секретару IэнатIэ зэхуэмыдэхэр ирихьэкIащ. «Губгъуэ мафIэ» япэ усэ тхылъыр дунейм къытехьащ 1992 гъэм. «Шэху уэздыгъэ» зыфIищар абы къыкIэлъыкIуащ.

Гъащlэ мащIэт ГъущIом къыхуиухар. Ар ящыщт зи дуней тетыкlэ зиIэжрэ, зи хьэл-щэн дахэмкlэ адрейхэм къахэщхэм. Гугъущ блэкIа зэманым иту Зариф утепсэлъыхьыну. Ар япэу къызэрысцIыхуауэ щытар и усэхэмкIэщ. Сыстуденту «Шэху уэздыгъэ» тхылъ цIыкIур щыщIэзджыкIам нэсу къызгурыIуат зи хъэтI зиIэж усакIуэм и гу къабзагъэм къитэджыкIа тхыгъэу абы и IэдакъэщIэкIхэр зэрыщытыр. А тхылъым щызэхуэхьэсат Зариф и гурыгъу-гурыщIэхэр къыщыIуэта щIалэгъуэ усэхэр. Ахэр зыми ещхьтэкъым. Езы Зарифи хэлъ цIыхугъэмкIэ, и дуней тетыкIэмкIэ зыхуэбгъадэ хъун къэгъуэтыгъуейщ.

И щхьэц баринэр, и нэ нэщхъеитIыр нобэми нэгум Iупщlу щIэтщ. Сыт хуэдэ гукъеуэ иIэми, гугъуехь гуэрхэм хэтми, зыкъыуигъэщIэнутэкъым, езым ар зэригъэвынум, и хьэлъэр нэгъуэщIым тримылъхьэу зэрихьынум яужь итынут. Ауэ, и нитIым куэд къаIуатэрт. Хэт и гугъэнт ар апхуэдэу гъащIэ кIэщI хъуну. Зэман кIэщIкIэ «Iуащхьэмахуэ» журналым дыщызэдэлэжьэну къытхуихуащ Зарифрэ сэрэ. Зэхэсхауэ къысхуэщIэжыркъым лейуэ е гуемыIу псалъэ абы къыжьэдэкIауэ, сыт щыгъуи зэпIэзэрыт, фIэщхъуныгъэ зыхэлъ цIыхут ар.

И щытыкIэ щэныфIэм хуумыгъэфэщэну, лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ цIыху жыджэрт, и пщэм къыдалъхьа лэжьыгъэр хэлъэт иIэу игъэзащIэрт, и Iэдакъэм къыщIэкI журналист тхыгъэхэри щIэщыгъуэт, удэзыхьэхт. КъигъэщIар гъащIэ мащIэми, ныбжьэгъур, лэжьэгъур дэ куэдрэ ди гум илъынщ.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**

---

# ЦIыхум яхуэгуапэу, и гур къигъыкIыу...

Япэ дыдэу ди университетым еджакIуэ сыщыкIуа махуэм къэсцIыхуа си курсэгъухэм ящыщт ГъущIо Зариф. А зэманым щIалэхэм ягъэкIыу щыта пащIэ фIыцIэр Зариф и теплъэ гуакIуэм екIупст, дэр нэхърэ зэрынэхъыжьри къыдгуригъэIуат. Дзэ къулыкъур къэзыухауэ еджэн щIэзыдзэхэм ящыщт ар, цIыху зэтетт, и щэнкIэ зэпIэзэрыту, хэгупсысыхьауэ псалъэу. Ауэ, гушыIэнри дыхьэшхынри зимыхамэ щIалэм и нитIыр зэрынэщхъейрат схуемыгъэкIур. Абы и щхьэусыгъуэр зэгъэщIэн хуейтэкъэ, си Iуэху хэмылъми? Сэ сытхакIуэу зыслъытэжырти сынабдзэгубдзаплъэт, цIыхухэм закъезмыгъащIэу сакIэлъыплъырт, гу зылъыстам сытеIэбэжмэ си гур хэхъуэрт. Зариф и нитIыр зыгъэнэщхъейр пIалъэ гуэркIэ и гъащIэм къыщыхъуа Iуэхугъуэу зэрыщымытри, ар жэуапыншэ лъагъуныгъэм зэремыщхьри къызгурыIуат: ар абы къыдалъхуа, хэхъуэху дыхэхъуа нэщхъеягъуэт. Апхуэдэхэр усакIуэу къыщыщIэкI щыIэти, япэ дыдэу Хьэх Сэфарбий тхакIуэщIэхэм къахузэригъэпэща «Шыхулъагъуэм» екIуалIэхэм яхэту Зариф сыщыIуплъам, хуабжьу сыгуфIат, сызэрыщымыуам сигъэгушхуэу. Арат, ар усакIуэу къыщIэкIат! Зариф узу пкърылът ди лъэпкъым и тхыдэ гупщIэихыр, щхьэхуимыт гъащIэм лъэпкъыпсэр зэрихузыр зыхищIэрт, хуэIэмалыншэт, ауэ, нэхъыкIэжрати, къэна мащIэу а лъэпкъым хуэлэжьэну зигу къэкIахэм ящыщ куэдыр щхьэхуещэу къызэрыщIэкIым и гур икъузыпэрт. Сэ фIы дыдэу къызгурыIуэрт Зариф и гукъеуэр. Университет нэужьым тIури журналистикэм дыхыхьати, куэдрэ къытхуимыхуэми, дызэхуэзамэ ди гурыгъу-гурыщIэ зэхуэтIуатэу дызэпсэлъылIэрт. Иджыпсту ямылейуэ сигу къоуэ а щIалэ зи псэугъуэ-зи дахэгъуэм блэкIа зэманым иту сызэрытепсэлъыхьыр. Куэдрэ си нэгу схущIэгъэкIакъым Зариф иужь дыдэу сымаджэщым щIэлъу щыслъагъужари. Сыту узышхуэ игъэва, сыту гъащIэ гугъу къигъэщIа, иIуэтэжыну хунэмысуи сыту кIэщIыщэу ажалым и Iэ щIыIэм пигъэза абы и нэхугъэ мащIэ тIэкIур. Гупсэхугъуэ игъуэтыжауэ Тхьэм къыщIигъэкI.

Зариф и пэкIи иужькIи пасэу тхэкIыжа цIыху гу къабзэ – уIэгъуафIэ усакIуэпсэхэм, мы дызыхэт дунейм и хьэлъэм пэмылъэщахэм сащегупсыскIэ, слъэмыкIыу си къалэмыр губжьырт. Апхуэдэу стха усэу «Хьэхэм я дуней» зыфIэсщам щыщ пычыгъуэщ мыр:

Хейм я нэпсыр - псынэщIэжу,
Хьэгъуэ хьэпсым ЦIыхур исщ,
Дуней бгъунлъэр ищэхэжу,
ХьэIуцыдзхэр - жьантIэисщ!
Хьэ дунейм щахьэмтетыгъуэщ
Хьэщхьэвылъэм. ЖыпыIу фIейм.
ФIалъэ цIанлъэм. Зи гур мывэм.
Хьэрэмыпсэм. ДэпIэстхъейм ...
...Хеилъ щIыгухэм нытеджагуэу
Щэхурыпхъуэхэр щоущ,
ФIалъэмыгухэр зытеджадэм
Хьэдэджадэ къыщоуш.
Къэзымыщlэ - къыщамыщIэм
Нос, хьэIускIэрэ затIыж,
Домбей хьэрэу зыгъэтхъами
«IэщIыб мащэ» къыхуатIыж...
...Дыгъэ къепсыр зэралъагъуу,
Я хьэ бзэгухэр къыхурадз,
Нур къыпыкIыу цIыху ялъагъум
Уий, Хьэджафэхэм зрадз! ..

Зариф и гъащIэ мащIэр, и теплъэ нэщхъейр, абы лъэпкъ усыгъэмрэ журналистикэмрэ гу къабзэкIэ яхуилэжьар, къытхуигъэна и цIэр щыхьэт зытехъуэр зыщ: ди напэ, ди псэ депцIыжу, зыр зым илIу дыпсэу хъунукъым. Зи псэр къурмэн тхуэзыщIу вагъуэу къытхуэбла а цIыху хейхэр зыщIэхъуэпса къэкIуэнур адыгэм илъагъун хуейщ!

**АБРОКЪУЭ Беллэ,**
*«Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэ.*

---

# ИкъукIэ гупцIанэт

**Зэриф япэу щыслъэгъуар радиом и хэщIапIэ унэрщ. Ар зэзэмызэ къакIуэрт и шыпхъум, радиом щылажьэ Ритэ деж. Пэжщ, нэхъапэIуэкIи ар къэсцIыхуат «Адыгэ псалъэм» къытехуэ усэхэмкIэ. Абы щыгъуэ хьэкъ сщыхъуащ а щIалэм езым и хъэтI гъэщIэгъуэн зэриIэжыр, адрей усакIуэхэм заригъэщхьыну, ядежьууну зэрыхущIэмыкъур. 90 гъэхэм и кIэуххэм и усэ тхылъ «Эльбрус»-м къыщыдэкIа нэужь си фIэщ хъуащ абы бащэкIэ ущыгугъ зэрыхъунур.**

ЗЭРИФ НЭХЪ гъунэгъуу къыщысцIыхуар ар газетым щыщыIа зэманырщ. Я нэхъ мащIэрамэ, тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, псалъэзэблэдзхэр яхуэсхьурэ тхьэмахуэм зэ сыкIуэрт редакцэм. Апхуэдэхэм деж Зэриф сыхуэзамэ, Iуэхугъуэ куэдым я щхьэфэ диIэбэрт - политикэм, адыгэ Iуэхум, литературэм. Ди псэукIэ-зэхэтыкIэм и гур зэрыригъэур ехьэкI-нехьэкI хэмылъу къищIырт сэтей. Псом хуэмыдэу ди хабзэр зэрыбгъунлъэм зэригъэнэщхъейр хущIэхъумэртэкъым.

ЦIыхур зыхуэдэр къэпщIэн щхьэкIэ шыгъу пут дэпшхын хуейуэ жаIэ щхьэкIэ, Зэриф зыхуэдэ цIыхур - зэрыгупцIанэр, пцIы зэрыхуэмыупсыр, фэрыщIагъэм зэрыхуэхейр, и гур, и псэр зэрыкъабзэр щIэх дыдэу къызгурыIуат. ИкIи хуабжьу сыщыгуфIыкIауэ щытащ, усэм нэмыщIкIэ, прозэм зэрыхуэшэрыуэми. Абы и щыхьэтщ тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ ирагъэкIуэкIауэ щытам ар къызэрыхэжаныкIари, саугъэт къызэрыратари.

Зэриф дунейм ехыжу зэманыфIи дэкIыжа нэужь, абы и шыпхъу Ритэ сригъэджащ и дэлъхум и иужьрей тхыгъэ пIащэм - повестым (и цIэр сIэщIэхужащ). Зытеухуар ди зэманырщ. Пэжу, ар и кIэм нигъэсыпатэкъым. Сюжетыр гъэщIэгъуэну ухуащ. Абы ущрихьэлIэнущ Абхъаз щIыналъэм ди щIалэхэр зэрыщыIам теухуа Iыхьэфlи. КъызэрызгурыIуамкIи, езы Зэриф а Iуэху къекIуэкIахэм зэрыхэтари къыхощ тхыгъэм. Гукъинэжщ абы хэт персонажхэр - Залым, Заур, Сэлим, Алий сымэ.

... Зэриф ещхьтэкъым адрей цIыхухэм. МыхъумыщIагъэу, мызэхуагъэу илъагъу, зэхих псори зи гум ежалIэ апхуэдэ цIыхум гъащIэшхуэ зэримыIэнур бэянт. Ди щIылъэр къызэрибгынэрэ илъэс бжыгъэ дэкIами, адыгэпсэу, адыгэгуу, муслъымэн къабзэу дунейм тета щIалэ зэчиифIэр и лэжьэгъуу, къэзыцIыхуу щытахэм щIэх зэращымыгъупщэнур хьэкъщ.

**МЫЗ Ахьмэд.**
*ТхакIуэ*

---

# И лэжьыгъэм хуэIэижьт

Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм Зариф илъэс 12-кIэ щылэжьащ. ХъыбарыщIэхэр зэрыгъэхьэзырын хуей Iэмалхэм ар фIыуэ щыгъуазэт, дэнэ щIыпIэ къыщыхъури псынщIэу камерэкIэ трихыным, монтаж зэрищIыным иужь итт, журналист IэщIагъэм хуабжьу хуэIэижьт.

Бзэр фIыуэ игъэбзэрабзэрт, дэтхэнэ темэри литературнэ адыгэбзэ къабзэкIэ къиIуатэрт. Лэжьыгъэм апхуэдизкIэ и псэр етати, зыщIегъэхын жыхуаIэр ищIэртэкъым, и лэжьэгъухэм апхуэдэ къахэкIми игу техуэртэкъым. Зариф щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, литературэ образ гъэщIэгъуэнхэр зи сюжетхэм къыщызыгъэсэбэп журналисту щытащ. Абы и нэтынхэр и лэжьэгъухэм ейм къащхьэщыкIырт, «сыт къысхужаIэну пIэрэ?», жиIэу зэплъэкIыу щымыту, пэжым и телъхьэу къызэрыувымкIэ.

Зариф цIыху щабэт, сыт хуэдэ щэху епхьэлIэми ущыуэнутэкъым, езыр Iуэху мыщхьэпэ ирихьэлIэмэ, ар гушыIэм иригъэкIуэнут, псалъэ жагъуэ дунейм къытригъэхьэнутэкъым. И лэжьэгъухэм ар нобэми фIыкIэ ягу къокIыж.

**КЪЭЗАНШ Людмилэ,**
*КъБР-м и КъТРК-м и унафэщI.*



Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

# Иракми ди къуэшхэр щопсэу

**ИкIутар из хъужыркъым, жаIэ. Илъэсищэкӏэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэм къиша тхьэмыщкIагъэхэм ящыщщ адыгэхэр щIы хъурейм тепхъа зэрыхъуар, лъэпкъыр зэрызэкъуичар, хамэщI къыщыхутахэр кIуэдыпIэм зэрыришар. Ауэ, гугъэр адэжь щIэинщ, жыхуаIэращи, зэгуэр зэфIэкIуэдахэм я щIэблэр нобэ зэрызэрыгъуэтыжыным, зы хэку дуней ямыухуэжыфми, зэпыщIэныгъэхэм зэрызрагъэубгъуным хущIокъу. Илъэс щэщIым нызэрыхьэсащ хамэ щIыпIэ куэдым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм бзэ, щэнхабзэ, щIэныгъэ, экономикэ, сату зэпыщIэныгъэхэр яхудиIэ зэрыхъурэ. Хэкурыс адыгэхэм яхэту къыщIэкIынкъым Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым, Европэм хыхьэ къэралыгъуэ зыбжанэм, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм адыгэ жылэшхуэхэр зэрыщыIэм, фIыщIэ хасэхэр зэрыщылажьэм, а щIыпIэхэм къыщыхъуа ди лъэпкъэгъу куэдыр Хэкум щIэх-щIэхыурэ къызэрыкIуэм, адэжь лъахэр псэупIэ зыхуэхъужхэри къазэрыхэкIым щымыгъуазэ. ХамэщI щыпсэухэмрэ хэкум исхэмрэ щIэныгъэ IуэхукIэ зэлъоIэс, я зэхуаку илъ Iыхьлыгъэр къахутэ икIи зэфIагъэувэж, хьэрычэтыщIэ зэпыщIэныгъэхэр зэтраухуэ. Уегупсысыпэмэ, лъэныкъуитIми ди зэхуаку ит хышхуэм лъэмыж телъхьа хъуакIэщ, дызэкIэлъыкIуэнумэ, пэрыуэгъу щымыIэу. Апхуэдэу щыт пэтми, хъыбар хьэлэмэтхэр къыщыIур мащIэкъым. Иджыблагъэ Налшык къалэ щекIуэкIа Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XIII Зэхуэсышхуэм и лэжьыгъэм хэтащ Ливаным щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я лIыкIуэхэр. Ар дгъэщIагъуэурэ, Иракым щыпсэу адыгэхэм я макъ къэIуащ. ЗэрызэхэтхымкIэ, ди хэкуэгъухэр хущIокъу а щIыналъэм щыпсэу лъэпкъ мащIэхэм зыхрагъэлъытэну, ар къыщыгъэнауэ, Иракым и Парламентми, щIыналъэхэм унафэр щызехьэнымкIэ щыIэ IуэхущIапIэхэми я хэхыныгъэхэми хыхьэну. Нахуэщ дызылъэмыIэса куэд ди лъэпкъэгъухэм я Iуэхум зэрыхэтыр...**





ДИ хэкуэгъухэр Иракым зэрыщыпсэум дыщыгъуазэт, ауэ жылэу ису, апхуэдэу зэкъуэувэу, я лъэпкъыщхьэмрэ хуитыныгъэхэмрэ хъумэным хуэунэтIауэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыу тщIэртэкъым. «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэм мы Iуэхур гъэщIэгъуэн къазэрыщыхъунур къэтлъытэри, Иракыр псэупIэ зыхуэхъуа ди къуэшхэр къыздикIам, я Iуэху зыIутым дыщIэупщIащ.

КъызэрыщIэкIымкIэ, иджырей Иракым щопсэу Кавказым и щIыдэлъху лъэпкъхэм ящыщу адыгэхэр, шэшэнхэр, дагъыстэн лъэпкъхэр. ИлъэсипщIкIэ узэIэбэкIыжмэ, мы лъэпкъхэм хыхьэхэкI зиIэу яхэт жылагъуэ лэжьакIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, щIэныгъэлIхэр, лъэпкъыгу зыкIуэцIылъхэр зэхуэсри, Иракым и Хабзэ Нэхъыщхьэм, Конституцэм, я цIэрэ я щхьэрэ храгъэтхэну, хэгъэгум щыпсэу лъэпкъ мащIэхэм ящыщу зыкърагъэлъытэну зэгухьэныгъэ къызэрагъэпэщащ. Зи щIэжрэ зи лъэпкъыцIэрэ унейуэ зиIэхэр нэхъри зэкъуигъэувэну къалъытэри, а зэхуэсым хэтахэм зэдэарэзыуэ «кавказ» лъэпкъыцIэр къызэдащтащ. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, я диныр, лъэпкъыщхьэр, хуитыныгъэхэр яхъумэжын щхьэкIэ, Иракым щыпсэу чыристан лъэпкъхэм аращ ящIар. Ахэр зэгухьэри «Хьэлдей-щам-ащурей лъэпкъ совет» зи фIэщыгъэ хасэр къызэрагъэпэщауэ щытащ. Адыгэхэми, шэшэнхэми, дагъыстэн лъэпкъхэми я нэгу щIэкIащ а хасэм зыхуигъэувыж къалэнхэм мыбзаджэу зэрыпэлъэщар, я макъыр ирак унафэщIхэм зэрызэхрагъэхар. Ар щапхъэ зыхуэхъуа ди хэкуэгъухэри зэкъуэуващ, конституцэ гъуэгукIэ Ирак къэралыгъуэм зыкъригъэлъытэн, псоми я зэхуэдэ хуитыныгъэхэр зыIэрагъэхьэн, хэгъэгум щекIуэкI залымыгъэхэм хабзэкIэ зыщахъумэн щхьэкIэ.

Илъэс зыбжанэкIэ зи ужь ита Iуэхур ди лъэпкъэгъухэм къайхъулIащ. Мылъку къэлэжьыным емыпха, ауэ къэралым гъунэгъуу дэлажьэ, щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм заужьынымкIэ Iуэху щхьэпэхэр зэфIэзых «Масарат» жылагъуэ зэгухьэныгъэр кавказ лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм 2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 24-м яIущIащ. Ар щекIуэкIар Иракым хыхьэ Курдистан щIыналъэм СулейманиекIэ зэджэ и къалэрщ. Абдеж абыхэм иджыри зэ къыщыхагъэщащ ахэр хьэрып лъэпкъхэм зэращымыщыр, бзэрэ хабзэ-зэхэтыкIэ щхьэхуэрэ зэраIэр, муслъымэн диныр зэрахьэми, щыпсэу хэгъэгум щекIуэкI залымыгъэмрэ леймрэ щыхъума зэрымыхъур, я цIыхум къащыжын Iэмалу лъэпкъ мащIэхэм ящыщу зыкъегъэлъытэным фIэкIа нэгъуэщI хэкIыпIэ зэрамылъагъур. «Масарат» зэгухьэныгъэм хэтхэм ди хэкуэгъухэм къагъэув Iуэхугъуэхэр игъуэукъалъытащ, зыкъыщIагъэкъуэну, Iэмал зэриIэкIэ Иракым и Парламентым и пащхьэ лъэпкъ мащIэхэм я хуитыныгъэхэм теухуа хабзэми зэхъуэкIыныгъэ хэзылъхьэ проектри иралъхьэну къагъэгугъащ.

Ди лъэпкъэгъухэм я пашэ Джэтауэ Ахьмэд зэрыжиIэмкIэ, Иракым зи щхьэ бжыгъэкIэ куэд мыхъу, динкIэ нэхъыбэм къащхьэщыкI лъэпкъыу зи хуитыныгъэхэм къэралыр къыщыж, бзэрэ щэнхабзэкIэ зыхуэныкъуэ Iуэхугъуэхэр зыхузэблигъэкIыу мащIэкъым щыпсэур. «Дэри апхуэдэ зыгуэрщ дыщIызэгухьари, ди акъылрэ зэхэщIыкIрэ дыщыпсэу щIыналъэми хуэдгъэщхьэпэу, дэри дифI зыхэлъхэр зэдгъэхъулIэу дыщыIэну аращ дызыхуейри, къэдгъэув Iуэхухэр демократием и гъуэгур хьэрэм зымыщI ирак унафэщI куэдым къыддаIыгъ. КъинэмыщIауэ, къэралым дэр хуэдэхэм щхьэкIэ квотэ лIэужьыгъуэхэр иIэщ, ущыIэу, лъэпкъ мащIэу укъилъытауэ щытмэ, абыкIэ Парламентми, щIыналъэхэм унафэр щызехьэнымкIэ щыIэ IуэхущIапIэхэми я хэхыныгъэхэми ухыхьэну Iэмал къуиту. Ар зыIэрыдгъэхьэну дыхущIокъу», - жеIэ Джэтауэм.

ЩытыкIэ гугъум и мызакъуэу, псэуныгъэмкIи щыIэныгъэмкIи шынагъэ здэщыIэ щIыналъэм политикэшхуэм хэмыхьэу лъэпкъ Iуэху щызэрахьэну Iэмал яIэкъэ ди лъэпкъэгъухэм, жаIэнкIэ хъунущ. Дэри тфIэгъэщIэгъуэн хъуат ари, дыщыщIэупщIэм къыджаIар мыращ: «Иракым ущыпсэун хуейщ абы щыщыIэ щытыкIэр зэрыгугъу дыдэр зыхэпщIэн щхьэкIэ. ИГИЛ (УФ-м щамыдэ зэгухьэныгъэ) жыхуаIэр уи щIыбагъ къыдэсу, махуэ щIагъуэ дэмыкIыу абы къэралым и дзэр езауэу дзыхьщIыгъуэджэщ политикэ зэщIэхъееныгъэ зэбгъэпэщыну. Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ядэлажьэ «Масарат» зэгухьэныгъэм захуэдгъэзэн хуей щIэхъуа щхьэусыгъуэр аращ - политикэ Iэмал щыдимыIэкIэ, щыIэ хэкIыпIэхэм дрикIуэну. Киркук къалэм, ди лъэпкъхэр нэхъыбэу щыпсэу щIыпIэм, 2004 гъэм «Зэкъуэтыныгъэ» зыфIэтща щэнхабзэ-жылагъуэ зэгухьэныгъэр къыщызэдгъэпэщым, абы къищта къалэнхэмрэ пщэрылъхэмрэ нэхъ тегъэщIауэщ иужькIэ дызэрылэжьар. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, ди гуращэхэр тхъумэрт, ди цIыхухэри лейзехьэхэм япэIэщIэ яхуэтщIырт. Къэрал хабзэхэр къызэпыдмыуду ди зэгухьэныгъэр илъэс зыбжанэкIэ зэрылэжьам и фIыщIэщ «Масарат»-р къыщIытхыхьэфар», - жеIэ Ахьмэд.

Езы хасэм и зэхэтыкIэм теухуауэ Джэтауэ Ахьмэд жиIэр мыращ: «Иракым щыпсэу кавказ лъэпкъхэм бжыгъэкIэ нэхъыбэр шэшэнхэрщ, абы къакIэлъыкIуэр дагъыстэн лъэпкъхэращ, лезгинхэр нэхъ къахэщу, итIанэ адыгэхэр. Лъэпкъхэм ди инагъым теухуащ хасэм къыщытлъыс IэнатIэхэри. Апхуэдэу, шэшэн щIалэр тхьэмадэу, дагъыстэн лъэпкъхэм я лIыкIуэр секретарь нэхъыщхьэу, адыгэм къыхэкIар вице-президенту хасэм щыхах. КъытхыхьэтхэкIыжхэр хэгъэкIауэ, IэIэтым хэтыну хуиту «Зэкъуэтыныгъэ» зэгухьэныгъэм цIыху 450-рэ хуэдиз хэтщ. ЗэрыжысIащи, шынагъэншагъэм и хьэтыркIэ политикэ зэщIэхъееныгъэу зыкъэдгъэлъэгъуэфыркъым, ауэ утыку дызэрихьэн Iэмалхэр къыдолъыхъуэ».

ИгъащIэ лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэ лъэпкъыцIэхэр къэгъэнауэ, «кавказ» фIэщыгъэмкIэ зегъэтхыным гуитIщхьитI ищIыр мащIэкъым. «Ди адэжьхэр къыздикIар Кавказырщ, ар псоми ди зэхуэдэ хэкужьщ. Ди лъэпкъхэр зэрыпсалъэ бзэхэр зэщхьэщыкIми, дэ дызэрешалIэ псоми ди зэдай къежьапIэ дызэриIэм, тхыдэм, щэнхабзэхэм. Ди дуней лъагъукIэри зэтохуэ, сыту жыпIэмэ лъым хэту, анэ быдзышэм хэту ди деж къэса лъэпкъ щIэжым ди гупсысэкIэри, Iуэху екIуэкIыр къызэрытлъытэ пщалъэхэри, екIумрэ емыкIумрэ теухуауэ диIэ зэхэщIэныгъэри зэщхьщ. Абы къищынэмыщIауэ, дызэрызу дыкъыщIалъытэн хуэдиз дрикъуркъым, ди макъыр лъагэу тхуэгъэIунукъым. ЩытыкIэ дызэрытым елъытауэ дызэгъусэу, зы лъэпкъыцIэкIэ дызэпхауэ утыкум дихьэныр захуэу къэтлъытащ. Дауи, ди адыгагъэр лIыгъэкIэ ттезыхын щыIэкъым. Тхуэхъумащэрэт, абы нэхъыфIрэ нэхъ дахэрэ Тхьэм къигъэщIам хэттэкъым».

ЗэIуу зы щIыпIэм зэрыщымыпсэум, къэралым щекIуэкI бырсыр мыухыжхэм зэлъэIэсыну Iэмал къазэрыримытым къыхэкIыу, Иракым щыIэ кавказ лъэпкъхэр гуащIэмащIэ хъуащ, жылагъуэ Iуэхухэми мащIэ дыдэу фIэкIа къыхэмыщ ищIащ. Джэтауэ Ахьмэд щыгъуазэ дызэрищIымкIэ, Иракым щыпсэу адыгэхэр, адрей кавказ лъэпкъхэми хуэдэу, илъэсищэкIэ екIуэкIа зауэм и лъэхъэнэм къикIа тхьэмыщкIэхэм я щIэблэщ.

«ДинкIэ къапэблагъэ Уэсмэн пащтыхьыгъуэм гупсэхугъуэ щагъуэтыну щыгугъа щхьэкIэ, политикэ екIуэкIым ди адэжьхэр гущIэгъуншэу шэпэIудз ищIащ, шынагъэ здэщыIэмкIэ идзу, бийр къыщыкъуэкIынкIэ хъуну лъэныкъуэмкIэ гъунапкъэхъумэу игъэтIысу. Ди адэшхуэхэр Иракым гъуэгуитIкIэ къэкIуащ. Дэ къытхэтщ япэщIыкIэ Иорданиемрэ Сириемрэ ирагъэтIысхьэу, абыи псэхупIэ щрамыту ИракымкIэ къагъэIэпхъуахэм я щIэблэри, гъаблэмрэ тхьэмыщкIагъэмрэ ихузыпэу зыри къызыхэмынэжа, лъэпкъхэр ихьэжу Балканым щекIуэкIа зауэм къыхэкIыу мыбы зи псэр къэзыхьэсахэм къатекIыжахэри. Сэ етIуанэ гупым сащыщщ, - жеIэ Джэтауэ Ахьмэд. - Адыгэхэм хэхауэ ди гугъу пщIымэ, шапсыгъхэр, абазэхэхэр, къэбэрдейхэр, бжьэдыгъухэр къытхэтщ. Кавказым къикIа лъэпкъхэм ди бжыгъэр теубыдауэ жыпIэну гугъу дыдэщ, ар Iуэху ищIу зыми къызэримылъытам къыхэкIыу. Иджыщ а Iуэхум иужь дыщихьар. Ауэ, ику иту, унагъуэ мин 15 дыхъуу худогъэфащэ. ЦIыху бжыгъэкIэ къапщтэмэ, мин 30-м къыщегъэжьауэ мин 50-м нызэрыхьэсу апхуэдэщ. Адыгэхэм я нэхъыбэр Багдад щопсэу. Ауэ абыхэм мымащIэу уащрихьэлIэнущ Мосулэ, Басрэ, Насирие, Сулеймание, Киркук, Тикрит, Рамади къалэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэми. Анэдэлъхубзэр зыщIэжу къытхэтыр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу. Ар иджыри унагъуэхэм щызэхэпхынущ, ауэ ирипсалъэр нэхъыжьхэращ. НыбжьыкIухэм зэхащIыкIми, мащIэ тIэкIу жаIэфынуми, шэщIауэ псэлъэф яхэтыжкъым, нэхъыщIэхэм я гугъу сщIыххэркъым. Анэдэлъхубзэхэмрэ щэнхабзэмрэ дэхуэха щIэхъуам и щхьэусыгъуэщ ди лъэпкъхэм зыхэсхэм я псэукIэр къызэращтэм, я бзэм зэрытехьэм - хьэрып хьэблэхэм яхэсхэр хьэрыпыбзэкIэ мэпсалъэ, курд хьэблэхэм щыпсэухэм ящIэр курдыбзэщ, тыркумэн хьэблэхэм къыщыщIидзахэм нэхъыбэу зэрахьэр тыркумэныбзэщ. Къапщтэмэ, адыгэхэм ди Iуэхур хэгъэкIауэ, мыдрей кавказ лъэпкъхэм зэрахьэ муслъымэныгъэм мэсхьэбкIэ зэщхьэщыкIыныгъэ щиIи щыIэщ. Дипхъухэр хамэ лъэпкъхэм яшэ, ди щIалэхэм хамэ лъэпкъхэм ящыщхэр къашэ хъуащ. Ар зытхъумэжынымкIэ нэхъ щхьэусыгъуэ хьэлъэ дыдэу ди гъащIэм къыхыхьаращ. Апхуэдэ щытыкIэ щхъуэкIэплъыкIэм диту дыпсэу пэтми, дыкъызыхэкIар зэрытщымыгъупщэм зы дещI.

Адыгэхэми, шэшэнхэми, дагъыстэн лъэпкъхэми я гъащIэм, я бзэмрэ щэнхабзэмрэ, тхыдэм теухуауэ Иракым «Зэкъуэтыныгъэ» зи фIэщыгъэ журналыр къыщыдокI. Абы и унафэщIыр Иракым и журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Мухьэмэд Хъусенщ, лъэпкъкIэ лезгинщ. Зэбгрыпхъауэ Иракым щыпсэу ди хэкуэгъухэр журналым и фIыгъэкIэ дызэлъоIэс, ди хъыбаркIэ дызэрощIэ, къытхэкIа цIыху цIэрыIуэхэм я IуэхущIафэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ зыщыдогъэгъуазэ.

Хэгъэгу зэхуэмыдэхэм щыпсэу адыгэхэр дызэрыщыIэм мащIэу зэрыщыгъуазэм и хъыбарыр зэхыдох. Ар ди гуапэ мэхъу. ХэIущIыIу зытщIыну, дунейм тет ди лъэпкъэгъухэм запытщIэну, дахыхьэну иджыри къыздэсым Iэмал диIакъым. Мы къэралым ипхъауэ дызэрыщыпсэум и мызакъуэу, илъэс Iэджэ лъандэрэ щекIуэкI зауэхэмрэ зэрызехьэхэмрэ нэхъыщхьэу ди пащхьэ кърригъэувар ди щхьэ зэрытхъумэжын Iуэхурщ. Дунейм и щытыкIэм зыкъызэблидзыжу къыщIэкIынщ мы дызыхэтым нэхъ ерыщу иужь дыщихьакIэ, ди хуитыныгъэхэм ехьэлIауэ дыпсэлъэф щыхъуакIэ. Ди хъуэпсапIэхэм ящыщщ ди Хэкум дыкIуэныр, ар зэдгъэлъагъуныр».

Иджыблагъэ Джэтауэ Ахьмэд Иракым и парламент хэхыныгъэхэм зыкъыщигъэлъэгъуащ. ТхыдэщIэм къыщымыхъуауэ адыгэхэм, кавказ лъэпкъхэм я цIэкIэ IэIэтым хыхьа адыгэ щIалэм и кIэн къикIыу зыхущIэкъу псори къехъулIэну ди гуапэщ.

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*

Юбилей

# УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, цIыхубэм и артист щэджащэ

## Тут Заур и ныбжьыр нобэ илъэс 70 ирокъу

ТУТ Заур Бахъсэн (жьымкIэ Старэ Крепость) къыщалъхуащ 1951 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м. И адэр мэшинэ зэжьэхэуэм гуузу хэкIуадэри, и анэ ФатIимэ сабиитIыр - Зауррэ абы и шыпхъу Татьянэрэ - и закъуэу къыхуэнат. ЦIыхухъу зыщхьэщымытыж унагъуэр хуэщIауэ пхужыIэнутэкъым, аращ ебланэ классым щIэсу Заур лэжьыгъэ хьэлъэм щIыпэрыувар - унэ зыщI къуажэ ухуакIуэм и Iэпыдзлъэпыдзт. Къилэжьыр и анэм иритырт, зыхуей-зыхуэфIхэм къадэкIуэуи, куэд щIауэ зэхъуапсэ лъакъуэрыгъажэри къищэхун хузэфIэкIат.

Класс нэхъыжьхэм щеджэу Заур и макъ дахэ лъэщым гу лъитащ абы музыкэмкIэ и егъэджакIуэм икIи Налшык къалэ дэт Музыкэ училищэм щIэтIысхьэну чэнджэщ иритащ. Музыкальнэ школ зэрыщемыджами, нотэм зэрыщымыгъуазэми къигъэувыIакъым зэфIэкI зыбгъэдэлъ щIалэр. Зыми ямыщIэу Налшык кIуэри училищэр къигъуэтащ, абы и унафэщI Хьэсанэ Мусэ хуэзэри къедэIуащ. Магомаевым и уэрэдхэм щыщ жиIащ, адыгэ уэрэди игъэзэщIащ Тутым, занщIэуи еджапIэм къащтащ. Курс ещанэм щынэсам уэрэд жыIэным и щэхухэм хэгъуэза къудейтэкъым, фортепианэми мыIейуэ еуэрт.

1971 гъэм Тутыр дзэм ираджащ. Илъэсит1кIэ къулыкъу ищIэу къигъэзэжа иужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и солисту лэжьэн щIидзащ. ЗанщIэуи цIэрыIуэ хъуащ ар: а гъэ дыдэм совет уэрэдхэр зыгъэзащIэхэм я Урысейпсо зэхьэзэхуэу Минск щекIуэкIам етIуанэ увыпIэр къыщихьщ, ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестиваль Берлин щызэхэтам и лауреат хъури. 1976 гъэм Москва кIуащ, Москонцертымрэ Росконцертымрэ я солистуи лэжьэу хуежьащ. И щIэныгъэм хигъэхъуэн папщIэ ар Гнесинхэм я цIэр зезыхьэ музыкэ еджапIэ нэхъыщхьэм (иджыпсту МузыкэмкIэ Урысей академиещ) щIэтIысхьэри 1986 гъэм къиухащ.

2005 - 2008 гъэхэм ар лэжьащ КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министру, 2008 - 2010 гъэхэм Урысей Федерацэм и Президентым деж Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу щыIэм и къуэдзэу щытащ. 2009 - 2016 гъэхэм ЩэнхабзэмкIэ къэрал институт Москва дэтым эстрадэ-джаз уэрэдхэр жыIэнымкIэ и кафедрэм и унафэщIщ.

Сыт щыгъуи Тут Заур зыхуэлажьэр макъамэращ, гъуазджэ нэсыр цIыхухэм я пащхьэ ихьэнырщ. Зэман зэхуэмыдэхэм абы концертышхуэхэр щитащ Совет Союзым и республикэ псоми, апхуэдэуи Бельгием, Германием, Израилым, Индием, Иорданием, Италием, Польшэм, Словакием. Словением, США-м, Тыркум. Союзпсо, Урысейпсо радиохэм я гъэтIылъыгъэхэм хэлъщ абы игъэзащIэ ариехэр, цIыхубэ уэрэдхэр, романсхэр, эстрадэ макъамэхэр.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэжращи, унагъуэ дахэ иIэщ Заур. И щхьэгъусэ Мадинэрэ абырэ адыгэ хабзэ екIум щIапIыкIащ къуитIрэ зыпхъурэ, икIи дэтхэнэри гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэувэн яхузэфIэкIащ. Нэхъыфlу щыIэр зи махуэр нобэ зыгъэлъапIэ Заури абы и унагъуэми къалъысыну ди гуапэщ.

**Жэщ-махуэкIэ и гугъу пхуэщIынущ Тут Заур и гъащIэми, и гуащIэми, и цIыху щIыкIэми. Ауэ ар, шэч хэмылъу, дэ нэхърэ нэхъыфIу къайхъулIэнущ и ныбжьэгъухэм, и лэжьэгъухэм, и цIыхугъэхэм. Апхуэдэхэр хэмытмэ, ди тхыгъэр ныкъуэ хъуну къызэрытщыхъум къыхэкIыу зыбжанэ хэдгъэхьэмэ нэхъыфIу къэтлъытащ.**

**Пахмутовэ Александрэ**, *композитор, СССР-м и цIыхубэ артисткэ:* - ПщIэшхуэ хузощI сэ а уэрэджыIакIуэм. Ар - Тхьэм къыбгъэдэкIа цIыхущ, макъ гъуэзэджэ иIэу. Абы утыкум щищIэм, эстрадэм щыхузэфIэкIым, игъэIу макъ лъэщым сыкъызэщIеIэтэ!

**Некрасов Николай**, *дирижёр, Урыс макъамэ IэмэпсымэхэмкIэ ВГТРК-м и оркестрым и художественнэ унафэщI:* - Заур и макъыр лирикэ баритонщ, дахащэу, щабэу, тембрыфI иIэу, нэхъыщхьэращи, а макъымкIэ ар гупсэхуу топсэлъыхь уэрэдым зи гугъу щыщIам. А Iэзагъэр телъыджэу къегъэсэбэп абы, творческэ ехъулIэныгъэ зэрыхъукIэ нэхъыбэу Тхьэм кърит! Сыщогугъ дэ иджыри мызэ-мытIэу дызэхуэзэну!

**Гвердцители Тамарэ**, *уэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ:* - Заур сыт хуэдэ макъамэ игъэзэщIами, абы художественнэ лъэпIагъ иIэ мэхъу. Аращ ар цIыху мелуанхэм фIыуэ щIалъагъуу си гугъэр. Тутым и макъыр - и гъащIэщ, къыдалъхуауэ псэуху и гъусэну хъугъуэфIыгъуэщ.

**ХьэIупэ ДжэбрэIил**, *композитор, КъБР-м и цIыхубэ артист:* - Илъэс 20 срикъуатэкъым си япэ уэрэдыр щыстхам. Ар «Си гъатхэ» уэрэдырт, Тхьэгъэзит Зубер и псалъэхэр щIэлъу. 1994 гъэм Тут Заур Налшык зигъэпсэхуну къэкIуэжауэ щыIэт. Зы махуэ гуэр си лэжьапIэм дыщIэсу Заур жеIэ: «ДжэбрэIил, цIыхубэм къахэкIауэ зы уэрэд егъэлеяуэ сигу ирохьри, и псалъэхэр къысхуэгъуэт». Арати, дримышеищэу, «Си гъатхэ» уэрэдыпкъыр къреш. Сэри, удыгъэ хэслъхьэри, сызэрейр сыбзыщIащ, ауэ къэзгъэгугъащ уэрэдым и псалъэр къыхуэсхьыну.

ЕтIуанэ махуэр къэсри, а уэрэдыр иту 1964 гъэм къыдэкIа тхылъ цIыкIур IэщIызолъхьэ. Заур плъыжь къохъури, жеIэ: «Уи фIэщ зэрыхъун, нобэр къыздэсым мыр уэ птхауэ сымыщIа!»

Иджы мыпхуэдэу жысIэну сыхуейт: сыт насыпыр зищIысыр? Апхуэдэ упщIэм зэщхьу зыми жэуап къритыфынукъым, сэри абы сахэту, ауэ япэ дыдэу «Си гъатхэ» уэрэдыр Заур Москва щитхыу къыщихьыжам сыгъынрэ сыгуфIэнрэ сщIэртэкъым, ауэ сынасыпыфIэ дыдэу зыкъэслъытэжат.

А гъэм щыщIэдзауэ си уэрэд куэдым Заур псэ яхилъхьащ. Абы ей хъуахэр нэгъуэщIым игъэзэщIэну сфIэфIкъым, сыту жыпIэмэ Тутым и макъ дахэр, и уэрэд гъэпсыкIэр си тхьэкIумэм итурэ стхащ ахэр.

А цIыху щыпкъэр дунейм къыщытехьам и натIэм итхагъэнт абы и пкъым хэту къэкIуа гуащIэр (энергие) егъэлеяуэ зэрыиныр. Пасэу и гуащIэм иIэта щIалэщIэр, хьэрэкъуакIэ димыдзэжу, IумпIафIэ и акъылкIэ ищIыжыфати, аращ Тут Заур Тут Заур зыщIар.

**Ацкъан Руслан**, *Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ усакIуэ:* - Тут Заур сызэриныбжьэгъур ящыщ зыщ сэ насыпыфIэу зыщIэслъытэж щхьэусыгъуэхэм. КъызэдэткIуа илъэс куэдым быдэу си фIэщ ящIащ: Заур хуэдэу псэ къабзэ гъуэтыгъуейщ. ЦIыхуфI куэд дунейм тетщ, талант ин зыбгъэдэлъи бгъуэтынущ, ауэ ди зэманым зи псэр къабзэу зыхъумэжыфар мащIэщ. Мис а тIэкIум ящыщщ Заур, аращ си псэр абы нэхъри пэгъунэгъу зыщIри.

Сэ зэпымыууэ сыщыгуфIыкIырт абы и ехъулIэныгъэхэм. Пэжыр жысIэнщи, зэзэмызэ гукъэкI щIыIэ къысхуэкIуэрт, зи зэфIэкIым хэхъуэ щIалэм зихъуэжыну пIэрэ жысIэу. Си гуапэ зэрыхъущи, апхуэдэ къэхъуакъым, сыт хуэдэ лъагапIэ нэмысами, Заур а зэрыщыту, цIыху гуапэу, хабзэрэ нэмысрэ зыхэлъу къэнэжащ. Ди зэныбжьэгъугъэр абы игъэбыдащ.

**Джэрыджэ Арсен**, *усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьак*Iуэ: - Заур щIэхщIэхыурэ нэгъуэщI къэралхэм ирагъэблагъэурэ къекIуэкIащ. Урысейм и оркестр нэхъыфI дыдэхэм ящIыгъуут зэрыкIуэри. Зы адыгэ уэрэди сыт щыгъуи и репертуарым хэтт. А адыгэ уэрэдым нэхъ Iэгуауэшхуэ къыщращIэкIри мащIэтэкъым. Псом хуэмыдэу дэнэ щIыпIи цIыхухэр щызытхьэкъур Заур жиIэ неаполитан уэрэдхэрт. Тутым и итальяныбзэр апхуэдизкIэ къабзэщ ахэр щигъэзащIэкIи, а бзэр имыщIэу ягу къэмыкIыххэу, итальяныбзэкIэ къыщепсалъэ щыIэт.

Псоми ящIэ дэтхэнэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэми и зэманыр хуабжьу зэрызэпэубыдар. Апхуэдэу щытми, адыгэ Iуэхум щхьэкIэ и гур зэрыузым къыхэкIыу, Заур Москва щыIэ Хасэр илъэс зыбжанэкIэ зэрихьауэ щытащ и Iуэхум зыкъыдигъахуэурэ. Зэрихьа къудей мыхъуу, мылъкукIэ зыкъыщIэзыгъэкъуэн гуэрхэри езым къигъуэтыжурэ, къигъэщIэрэщIэжат. ИтIанэ, ди республикэм Iуэху гуэр зыщIыпIэ къыщиIэтауэ, накIуи тхухэт жраIамэ, зэи щхьэхакъым, и Iуэху къигъанэу кIуа мыхъумэ.

**Къармэ Iэсият**, *усакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ:* - Уи щхьэ зэрыкI нэхърэ, уи щхьэр зэрылъ жызыIа Iущыр арэзыуэ щIэгуфIыкIынт и пащIэкIэ. А теплъэгъуэм кърихьэлIатэмэ, жыхуэсIэщ.

Мазэ зытIущ ипэж Заур Налшык щыIащ махуэ зыбжанэкIэ. Куэд щIауэ зэрымылъэгъуахэр тIуэтэжыху дыуэршэрауэ, тIэкIу сыкъигъэкIуэтэжырт. Къалэшхуэкъым ди Налшык. Псоми зэдай щхьэлажьэм гунэджыншэ ищIа къалэдэсхэр напщIэуфэу зэблоущыкI. Хьэуэ... Щытат напщIэуфэу си гъусэр хэтми къалъагъуху. Мес, зи ныбжькIэ мыщIалэж бзылъхугъэр къакIуэрэ пэт зэщIэувыIыкIащ, къэуIэбжьыжри, пIащIэу къытпежэжьащ. Къызэплъурэ (сэра хуэдэ ар зэлъытар!) зыкъысхуегъазэри: «Заурщ, пэжкъэ? КхъыIэ, сэлам зэзгъэх, Заур!»

Бзылъхугъэмрэ ар зыпэщIэкIэрэхъуа Тутымрэ си Iуэхужтэкъым иджы: маршынэ къэувыIам къызэрикIутыкIа щIалэгъуалэр къаплъэурэ зэплъыжырти: «Заурщ-тIэ! Тут Заур!»

Зым: «Заур? Хъуну пIэрэ дыбгъэдыхьэ? (Iэнкун сыкъохъу: сощIэ ар иджыпсту аэропортымкIэ зэрыпIащIэр. Данэ - ипхъу закъуэм - пежьэнущ). «Хъунумэ и гугъу фымыщI. МэпIащIэ», - жызоIэ.

ЩIалэхэр щэныфIэу йокIуэтыж. ЙоувыкIри, жыжьаплъэу къыхуогуфIэ Тутым.

МыдэкIэ и Iэхэр ищIурэ гуфIэжу къокIуэ нэгъуэщI зы цIыхубз щIалэ: «Заур! Зэ догуэт... Сэлам!»

Арыххэу лей сыкъохъури, псалъэ дэупIи симыIэжу сыкъожьэж. ЗызоIэжьэ. СызоплъэкI. Зызоплъыхь. Абы хэту гъуэгурыкIуэ щIалэщIитI (къыткIэлъыплъагъэнт) къызбгъэдохьэри: «КхъыIэ тхужеIэж егъэлеяуэ и макъым дызэрыхуэзэшар. Зы концерт закъуэ, ярэби! ТхужеIэж фIыщэу зэрытлъагъур...»

Къызэпежыхь иджы си гуфIэнэпсым: «Абы езым нэхъыфIыжу фыкъызэрилъагъум фыщыгъуазэу пIэрэ? Апхуэдизу дахащэ макъыр Уафэм зритар фщIащэрэт Фэ къызэрыфхуэныкъуэр!»

Хьэлэмэт гуэрт а махуэр - дыгъэ нэрынэр, уафэ купраузыр, накъыгъэ щхъуантIэр. Хьэкъыт: дунейр цIыхуфIщ зыгъэдахэр. Абыхэм ящыщу лIыфIхэр куэд дыдэ щхьэкIэ, нэхъ лIыфI дыдэхэр зырызыххэщ. А зырызыххэхэм язщ зи бжьыхьэ 70-м нобэ хыхьа Тутыр. НтIэ, дыгъуаси, ноби, дапщэщи дынэхъуэпсэнущ: дыщэ IуэнтIагъэр зиIу илъым уи макъамэр ирехъу кIэухыншэ!

*Зыгъэхьэзырар*
**ИСТЭПАН Залинэщ.**



ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ Тут Зауррэ.



Композитор Жырыкъ Заур и гъусэу.



Тут Заур концерт ет.




## Гуэным имылъмэ, Iэнэми телъкъым

- **Ажэр мэлым я пашэщ.**
- **Адыгэ хабзэр адэ щIэиныжьщ.**
- **Ахъмэт и фо изщ, улъэмыIэсмэ, сыт и сэбэп.**
- **Ахъшэр псым хуэдэщ.**
- **Бажэм дыгъужьибл къегъапцIэ.**
- **Бажэм и хьилагъэр япэ итщ.**
- **Бжэн къуий бжьакъуэ лъыхъуэ ежьэри, и тхьэкIумэ хилъхьащ.**
- **Бжьахъуэм и фор зэбграхырти, езыми зы фо IэмыщIэ къыхихыжащ.**
- **Бжьэ матэ зи куэдым и жьантIэ дегъэувэ.**
- **Бжьэхуцым мафIэ пхухэгъэпщкIуэнкъым.**
- **Бзэр зэзым нэхърэ нэхъ дыджщ, фом нэхърэ нэхъ IэфIщ, джатэм нэхърэ нэхъ жанщ.**
- **Былымыр жьы зэрыхъур и фэщ.**
- **Гуэным имылъмэ, Iэнэми телъкъым.**
- **Гугъуехь зымышэчар лIым хабжэркъым.**

## «НакIуэ, си хъыджэбз...»

Бжьыхьэ жэщ щIыIэт, жьапщэ дыджу.

Ныжэбэ нэху дыкъыщевгъэкIтэмэ, жаIэу щылъаIуэм, факъыритIыр къыщIагъэхьэри, я бжэр ягъэбыдэжащ.

Еплъмэ, цIыхубз щIалэрэ хъыджэбз цIыкIу зи хэхъуэгъуэрэт - зэанэзэпхъуу къыщIэкIынт.

Бысымыр унагъуэ лъэрымыхьи хуэдэтэкъым, ауэ...

... нэхъыжьыр ящхьэщыту – нэхъыщIэхэр щыст...

... адэ-анэм жаIэр быным яфIэдыхьэшхэнт...

... зыр щыпсалъэкIэ – адрейм Iупщiэ ищIырт...

... зыр гуфIэмэ – адрейр нэщхъейт...

... зым илэжьыр – адрейм фIэауант...

... щызэблэкIкIэ – зэдэмэпкъауэрт...

... тхьэкIумэIупсыр ирачу кIийхэрт, зэрапэсри псалъэ гуауэт...

А псор зи нэгу щIэкIа цIыхубзыр, хэплъэщ-хэплъэри, къэтэджыжащ. И гъусэми зыхуигъазэри:

- НакIуэ, си хъыджэбз. НакIуэ, дежьэжынщ...

ИкIи зэанэзэпхъум, замыгъэгувэу зыкъащтэри, жьапщэ дыджым ягъэзэжащ.

**КЪЭЖЭР Хьэмид.**

# Джэш хьэнтхъупс, хугу хэлъу



**Джэш лъэсар псы щIыIэм халъхьэри, мафIэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр цIыкIу ящIри, шыуаныщхьэр техауэ дакъикъэ 25-30-кIэ ягъавэ. А псыр иракIут, шыуаныр ятхьэщI, псывэ щIакIэжри, тхъурымбэр къытрахыурэ сыхьэтитI-тIурэ някъуэкIэ ягъавэ. Вэным дакъикъэ 15-20 иIэжу шыгъу хадзэ.**

ДЖЭШЫР зыхэвыкIа псыр иракIут, шыуаныр ятхьэщIри, джэшыр иракIутэж. Абы шэ гъэпщта щIакIэ, зэ къытрагъэкъуалъэри, хугу лъэса халъхьэ, зэIащIэри шыуаныщхьэр трапIэ. МафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху, дакъикъэ 15 хуэдэкIэ ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсым бжьын гъэлыбжьа традзэ, шыуаныщхьэр трапIэри, дакъикъитху-хыкIэ щагъэт. Пщтыру Iэнэм трагъэувэ фалъэм иту, шатэпс текIауэ. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*** джэш плъыжьу - г 50, хугуу - г 20, япэу зэрагъавэ псыуэ - г 1000, етIуанэу зэрагъавэ псыуэ - г 1000, шэуэ - г 400, шатэпсу - г 40, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз. Бжьын гъэлыбжьам: тхъууэ - г 30, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 30, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

# Апхуэдэр езыр къыпхуейщ

Зыгуэр фыз къишэну мурад ищIри, ежьащ. Зыкъомрэ кIуауэ, игу къэкIыжащ: «Фызышэ сежьащ, ауэ хэт къэсшэнур? АбыкIэ зыми сеупщIакъым», - жиIэри. «Япэ сызыхуэзэм сеупщIынщ, абы жыхуиIэм хуэдэ къэсшэнщ», - жери, ар и мураду кIуэурэ, къуажэм щыдыхьэм, къуажэбгъум щIалэ цIыкIухэр щыджэгуу яхуэзащ. Жэбагъы чышым тесу, чылъахъстэныр и щIопщу, псоми къахэжаныкIауэ, абы япэ IущIащ. Жэбагъы шур щилъагъум, сэмэгурабгъумкIэ бгъурыхьэри, абы сэлам ирихащ.

- Еблагъэ, угъуэгурыкIуэщ, зодгъэгъэпсэхунщ, - жиIащ Жэбагъы.

ЩIалэ цIыкIур игу ирихьри:

- ФIым дыхуиблагъэ! Себлэгъэнутэкъым. ЗыгуэркIэ сыноупщIынущи, къызжыIэ, - жиIащ шум.

- Уэ ухьэщIэщ, сэ срыуиIуэхутхьэбзащIэщ, - жиIащ Жэбагъы.

- Фыз къэзышэнум сыт хуэдэ фыз къишэмэ, нэхъыфI? Хэтхэ я лъэпкъ фи къуажэ нэхъ цIэрыIуэу, фызыфI къыхэкIыу дэс? Пщым щыщ нэхъыфI? Хьэмэ уэркъым щыщ? Хьэмэ лъхукъуэлIым щыщ? - жиIэри еупщIащ.

- Фызыр щы мэхъу. Зыр уэри къыпхуейкъым, езыми ухуейкъым. ЕтIуанэр езыр къыпхуейщ - уэ ухуейкъым. Ещанэм – уэри ухуейщ, езыри къыпхуейщ. Уэ узэгуакIуэр къэшэж, - жиIащ Жэбагъы. ЛIым къыгурыIуэртэкъыми щIигъужащ: - Япэрейр: былым куэд иIэу, езыр уэркъыпхъуу, къэпшэнщ – уезэгъынкъым, узыхуей хъункъым, и мылъкумрэ и лъэпкъымрэ ящыгугъынщ. ЕтIуанэрейр: пхъужь къэпшэнщ бын иIэуи, и быныр уигъэпIынщ. Ещанэрейр: лъхукъуэлIым къыхэкIа хъыджэбзу, езыр лэжьакIуэу, псэуну гугъэу, къэпшэнщ. Апхуэдэр езыри къыпхуейщ, уэри узыхуейщ. КъодэIуэнщ, уэ узэрыхуейуэ бгъэсэнщ. Ауэ а псом нэхъыщхьэжыр зыщ.

- Сыт?

- Фызыр зыгъэфызыр лIырщ, лIыр зыгъэлIыр фызырщ, - жиIащ Жэбагъы.

# Дапщэщ бзылъхугъэр сэмэгурабгъумкIэ щыувыр?

- ЦIыху гуп зэхэсым нэхъыжь къахыхьэрэ е здыблэкIым сэлам къарихамэ, псори мэтэджри, фIэхъусым и жэуапыр ятыж.
- ГуфIэгъуэ Iэнэм бгъэдэсхэм «Гуп махуэ-апщий» жиIэу къахыхьаIамэ, Iэнэм и нэхъыжьым фIэкIа къэмынэу мыдрейхэр къотэджри, сэламыр къыIах. КъыщIыхьам гуп махуэбжьэ ират. Ар къэтэджахэм нэхърэ нэхъыжьмэ, бжьэм хэIубу е ефэу къезытам иратыжыхукIэ зыри тIысыжыркъым.
- Нэщхъеягъуэм и деж гупым къахыхьар нэхъыжьмэ, псори мэтэдж, зыри къэмынэу. КъэкIуам нэхърэ нэхъыжь яхэсмэ, абыхэм зыкъаIэтыркъым е къэтэдж хуэдэу защIу загъэхъей.
- Нэхъыжь и гъуэгу зэпаупщIыркъым, нэхъыжь кIэлъыджэркъым, атIэ лъэщIохьэри, зэпэзанщIэ хъууэ гу къылъита нэужь, зыхуеймкIэ йоупщI.
- Зэгъусэу къыщакIуэхькIэ, тIу фIэкIа мыхъумэ, нэхъыжьыр ижьырабгъумкIэ щытщ, ауэ щы е нэхъыбэ щыхъум деж гупым и нэхъыжьым ныбжькIэ къызэрыкIэлъыкIуэкIэ адрейхэр и сэмэгурабгъукIэ къоуври, нэхъыщIэ дыдэр нэхъыжьым и ижьырабгъум мэув.
- Бзылъхугъэр и щхьэгъусэу щытмэ, сэмэгурабгъумкIэ мэув, мыдрейхэм сыт щыгъуи ижьырабгъур ират.
- НэхъыщIэм и Iэр япэу ишийуэ нэхъыжьым сэлам ирахыркъым. Нэхъыжьым и Iэр къишиямэ, ар щабэу Iэдэбу иубыду аращ.
- Хъыджэбз цIыкIухэм пэгун нэщI яIыгъыу уэрамым нэхъыжь гуэрым щахуэзамэ, ар Iубауэ ягъэув. Езыхэр зыIущIам я сэмэгурабгъур хуэгъэзауэ, я щхьэр мащIэу гъэщхъауэ мэуври, къахуэзар блэкIыху щытщ.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Зыщышынэн имылъагъумэ, кхъуэр абы докI. **4**. Гузэвэгъуэ хъыбарыр зэлъэзыгъэIэс цIыху. **8**. КъБР- м щIыхь зиIэ и артист: Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ Адыгэ театрым абы и цIэр зэрехьэ. **9**. Къуэш ... нэхърэ - ныбжьэгъуфI. **10**. Iэлъэщ1 хуабэ. **14**. ЖьантIэм ущIэмыкъу, ... , къыплъысынщ. **19**. Шыцуэс къесу узэрысым ... **21**. Щыгъыным хищIэ хьэпIацIэ къэзылъэтыхь. **22**. Шым и кIуэкIэ. **23**. Дагъуэ зимыIэ цIыху къызыхуэтыншэ. **24**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм, иужькIэ УФ-м и Къэзыбж палатэм я унафэщIу щыта Къэрмокъуэ ...

***Къехыу:*** **2**. Бадзэ цIыкIу лъыиф. **3**. Уэс зэратхъу. **5**. Нартыху гъэлыгъуа хьэжыгъэ. **6**. Пшынауэ цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ. (и цIэр). **7**. Алыхь Iэмырым ерыщу тет цIыху. **11**. Iэпслъэпсым щыщ. **12**. Атэлыкъым игъасэ щIалэ цIыкIу. **13**. ЩIы къиуда. **15**. «ЩIыхь» орденым и нагъыщищри зрата зауэлI хахуэ Мусэ ... **16**. Къру лъэпкъым щыщ губгъуэ джэдкъаз пIащэ, лъатэу. **17**. Макъ псыгъуэ зыгъэIу псэущхьэ цIыкIу. **18**. ... гъэхъуж. **20**. Ху къызыщIaIукI къэкIыгъэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***ФокIадэм и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Медан. **4**. Бжьыхьэ. **8**. Бру. **9**. ПцIым. **11**. ШкIумпI. **13**. Сабыр. **16**. Шхуэ. **17**. Джыдэ. **18**. Бжьы. **22**. Бжьыдзэ. **23**. Бжьыгуэ.

***Къехыу:*** **2**. ЕкIэпцIэ. **3**. Абдж. **5**. Жьым. **6**. ХьэлIамэ. **7**. Дзэр. **10**. Мастэ. **11**. Шэрэдж. **12**. Гъубж. **14**. Емынэжь. **15**. Адэмыгу. **19**. Жьей. **20**. Къуэдз. **21**. ЛIыжь.

# Лъэпкъхэм я спорт лIэужьыгъуэхэмрэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ яхъумэ

**Урысейм и Ипщэ щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм щэнхабзэмрэ спортымкIэ я фестиваль иджыблагъэ Кърымым щекIуэкIащ. Абы екIуу хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэхэри. Спорт лIэужьыгъуэ зэмыщхьхэмкIэ зэфIэкI лъагэхэр зыбгъэдэлъ щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр, къулыкъущIэхэр я пашэу, Алуштэ щыIащ ди щэнхабзэ дахэмрэ спортсменхэм я зэфIэкIхэмрэ ягъэлъагъуэу. Зэхыхьэм и ныкъуэр Севастополь къалэм щекIуэкIащ.**





ХУАБЖЬУ гъэщIэгъуэнт икIи удэзыхьэхт мы гъэм ебланэу ирагъэкIуэкI фестивалым и программэм и зэхэлъыкIэр. Спортсменхэр лIэужьыгъуэ 13-кIэ зэпеуащ. ЩэнхабзэмкIэ Iыхьэм хэтащ Урысей Федерацэм и Ипщэ щIыналъэмрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэмрэ я къафэмрэ уэрэдхэмкIэ къэрал ансамблхэр, урысейпсо, дунейпсо, лъэпкъ фестивалхэм щытекIуа гупхэр.

Кърым Республикэм щыпсэухэм я дежкIэ гурыфIыгъуэшхуэт Кавказ Ищхъэрэм и ансамбль цIэрыIуэхэу «Кабардинка», «Налмэс», «Алан», «Вайнах», «Ингушетия», «Къарча», «Ставрополье» ансамблхэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэм еплъыну.

Фестивалыр Алуштэ къалэм и «Крымский» стадионым щекIуэкIащ. Ар къыщызэIуахым хэтащ Урысей Федерацэм спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Байсултанов Одес, Кърым Республикэм и Iэтащхьэ Аксенов Сергей, хэгъэгу пщыкIуплIым щэнхабзэмрэ спортымкIэ я министрхэр.

Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ защыхуигъазэм, Байсултанов Одес Кърымым и Iэтащхьэм фIыщIэ хуищIащ Iуэху дахэр я лъахэ къыщцызэрагъэпэщыныр къазэрыдиIыгъам папщIэ.

- УФ-м СпортымкIэ и министерствэм къыбгъэдэкIыу фIэхъус гуапэ фызох фестивалым къекIуэлIахэми, и хьэщIэхэми. Иджы япэу щекIуэкIыу аращ мы зэхьэзэхуэр Кърым Республикэм. Си гугъэщ зэхыхьэшхуэм спортым цIыхум дежкIэ иIэ мыхьэнэр, гъащIэ узыншэ къэбгъэщIэнымкIэ абы и сэбэпынагъыр цIыхубэм я деж нихьэсыну, иджыри зэ ягу къигъэкIыжыну. Апхуэдэуи лъэпкъ зэгурыIуэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ нэхъри зэригъэбыдэнум шэч къытесхьэркъым, - жиIащ министрым и къуэдзэм.

Ар зэхьэзэхуэм хэт псоми ехъуэхъуащ ехъулIэныгъэ яIэну.

Фестивалыр къыщызэIуахым я хэгъэгу ныпхэр яIыгъыу, я къэфакIуэхэр фащэ дахэхэмкIэ зэщыхуэпыкIауэ, спортсменхэм фэилъхьэгъуэ зэщхьхэр ящыгъыу дахэу утыку кърашащ, дэтхэнэри зыщыщ республикэр жаIэу. А махуэм утыку нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэм и дамыгъэр, спорт ехъулIэныгъэм и мафIэ бзийр щыщIагъэнащ. Ар стадионым кърихьэну хуагъэфэщащ Токио щекIуэкIа Олимп Джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа, боксёр цIэрыIуэ Бакши Глеб.




Фестивалым гъэщIэгъуэну къыщыхъуахэм ящыщщ Урысейм рекордыщIэ зэрыщагъэувар. УФ-м Къару экстримымкIэ и федерацэм и унафэщI Грищенкэ Василий килограмм щитI хъу мывэ къиIэтащ.

2022 гъэм Урысейм и Ипщэ щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм щэнхабзэмрэ спртымкIэ я фестивалыр Шэшэн Республикэм щекIуэкIынущ, абы и спортсменхэр япэ зэрищам ипкъ иткIэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы фестивалыр я нэIэ щIэту йокIуэкI Урысей Федерацэм СпортымкIэ, ЩэнхабзэмкIэ я министерствэхэм. Щэнхабзэ Iыхьэм и къызэгъэпэщакIуэр «Росконцерт» компаниерщ. Илъэс зыбжанэ и пэ мы Iуэху дахэр Кавказ Ищхъэрэм къыщрахьэжьащ, итIанэ Байсултанов Одес и фIыгъэкIэ нэхъри зиубгъури, хэт хэгъэгухэм я бжыгъэм хэхъуащ.

Фестивалым и мыхьэнэ нэхъыщхьэр лъэпкъхэм къадекIуэкI спорт лIэужьыгъуэхэмрэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ хъумэнырщ, Урысей Ипщэм ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэнымрэ дяпэкIи зэхущытыкIэфIхэр я зэхуаку дэлъу къэгъуэгурыкIуэнымрэ хуэунэтIынырщ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

# ШыIэныгъэр, зэныбжьэгъугъэр, зэгурыIуэныгъэр зи тегъэщIапIэ

**Иджыблагъэ Татарстаным щекIуэкIа Муслъымэн кином и дунейпсо фестивалым хэтащ театрымрэ киномрэ я режиссёр цIэрыIуэ, Адыгэ Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ЕмкIуж Андзор. Щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ лъэпкъхэр зэшэлIэныр зи къыхуеджэныгъэ фестивалым къэрал лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэдым къахэкIа цIыху зэчиифIэхэр зэхуишэсащ.**




АБЫХЭМ я лэжьыгъэхэмкIэ утыку кърахьэ Iуэхур зытеухуар зыт: шыIэныгъэр, зэныбжьэгъугъэр, лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэнырт. ЕмкIужым 2019 гъэм триха «Невиновен» фильмри хагъэхьащ зэпеуэм хэмыт гъэлъэгъуэныгъэм. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы лъабжьэ хуэхъуар фестивалым и гупсысэ нэхъыщхьэрщ.

2019 гъэм къэрал псор зэплъа адыгэ киносщ «Невиновен»-р. Ди хэкужьым и беягъыр, ди лъэпкъым и хабзэ дахэр, ди цIыхухэм я дуней тетыкIэр къызыхэщ, шыIэныгъэмрэ гущIэгъумрэ зи лъабжьэ, дунейм щекIуэкI къэхъукъащIэхэр Кавказым щыпсэу цIыхум и нэкIэ зэрилъагъум теухуа фильмыр ноби «Ютуб»-м щызэIэпах. Куэд щIауэ къэмыхъуауэ, дунейм къытехьащ адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ хъун, дунейпсо утыку ипхьэну узытемыукIытыхьын, лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI хабзэжьхэр къызыхэщ фильм телъыджэ. Адыгэ къуажэм, хьэблэм, пщIантIэм, унэм деж щегъэжьауэ жылэм дэлъ хабзэмрэ щекIуэкI адыгэ гъащIэмрэ къыщыгъэлъэгъуащ «Кавказфильм» кинокомпанием триха фильмым. Дунейпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэщ, цIыху куэд зыгъэпIейтей къэхъукъащIэщ зыхуэгъэпсар.

«Кавказфильм»-м и унафэщI, режиссёр ЕмкIуж Андзор зэрыжиIэмкIэ, цIыху зэхэгъэж, лъэпкъ зэныкъуэкъу, щIалэгъуалэ зэпэщIэувэныгъэ щыIэн хуейкъым. ЦIыху гъащIэр зыщ зэрыхъур, ар зым адрейм Iихыныр къезэгъыркъым. ЗэгурыIуэрщ, шыIэныгъэрщ, мамырыгъэрщ мы дунейр щызыгъэIэри зэтезыIыгъэри. Мис ахэращ адыгэ кином цIыхубэр къызыхуриджэ гупсысэ нэхъыщхьэр.

XVII дунейпсо фестивалым кино хьэзырхэр Къэзан зэрыщагъэлъэгъуам нэмыщI, режиссёрхэр утыку щхьэхуэ иришат дяпэкIэ трахыну фильмхэм щытепсэлъыхьу. КъыщынэмыщIауэ, зэIущIэм хэтт кинор зыщэхухэмрэ прокату къэзыщтэхэмрэ. Кинорынокми щигъэлъэгъуэн иIэт ЕмкIужым. «Невиновен-2» кинопроектыр Къэзан япэу утыку къыщрихьащ икIи къеплъахэм, къедэIуахэм ягу ирихьащ адыгэ фильмым щыпхыша гупсысэ нэхъыщхьэмрэ ар лъэпкъ проект гъэщIэгъуэну зэрыщытымрэ.

- Фестивалыр гъэщIэгъуэнт икIи Урысей Федерацэм и хэгъэгухэм къищынэмыщIауэ хамэ къэралхэм къикIа си лэжьэгъухэри щыIэт. Абы и мурад нэхъыщхьэр кинор тезыххэмрэ ар зыгъэлъагъуэхэмрэ зэрыцIыхунырщ, зэдэлэжьэнырщ. УФ-м щытрах кинохэр къэрал кIуэцIым цIэрыIуэ щыщIынырщ, - къыддогуашэ Андзор. - Фестивалыр ди киностудием пэгъунэгъу дыдэщ жыпIэмэ, ущыуэнукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди гупсысэхэр зэрызэщхьэщыкI щымыIэу зэтохуэ. Дэ Европэм щытрах фильмхэм захэдгъэгъуэщэну дыхэткъым, атIэ ди лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр, тхыдэр, хабзэр кинокIэ хъума, гъэлъэгъуа зэрыхъунырщ зиужь дитыр. Абы и лъэныкъуэкIэ Къэзан фестивалми лъабжьэ хуащIар цIыхугъэ лъагэмрэ псэкупсэ къулеягъымрэ къызыхэщ фильмхэр утыку къихьэнырщ, апхуэдэхэр тезыххэм защIэгъэкъуэнырщ. Лъэпкъ хабзэхэмрэ муслъымэн диным къигъэув зэхэтыкIэ къабзэмрэщ япэ иригъэщыр. ИтIани динкIэ къытщхьэщыкIыу, ауэ гуапагъэм, мамырыгъэм, пэжыгъэм теухуахэм гулъытэ хуащI. Абы и къэпщытакIуэхэм яхэтщ дуней псом щыцIэрыIуэ режиссерхэр, операторхэр, кином елэжьхэр.

ДэркIэ нэхъыщхьэрати, ди щIыналъэ кином зэрызедгъэужьын, утыку нэхъ инхэм дызэрихьэн Iуэхущ зиужь дитар. ИкIи зэхыхьэм цIыхугъэ куэд къыщытхуэхъуащ, къищынэмыщIауэ ди лэжьэгъухэу «Татарфильм», «Сибирьфильм», «Сахафильм», Москва, Калининград, нэгъуэщI щIыпэхэм щылажьэ киностудиехэм дяпэкIэ дадэлэжьэнымкIэ зэгурыIуэныгъэхэр етщIылIащ. Сэ сыхуейщ Кавказыр жыжьэу фIэкIа зымыцIыху, мыбы щекIуэкI гъащIэм щымыгъуазэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр лэжьыгъэ IуэхукIэ ди лъахэм къезгъэблагъэурэ ди псэукIэр, ди тхыдэр, ди щIыпIэ дахэхэр къезгъэцIыхуну. Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ къэдгъэсэбэпу ди зэпыщIэныгъэхэр нэхъыбэ, нэхъ лъэщ сщIыну. Езыхэм я дежи деблагъэурэ проект щхьэхуэхэр зэдэтщI хъунущ. Ар хэкIыпIэфIщ Урысейми, хамэ къэралхэми Кавказым къахуаIэ еплъыкIэм зебгъэхъуэжынымкIэ, ди хабзэм и дахагъымрэ ди хэкум и беягъымрэ утыкушхуэхэм ипхьэнымкIэ, - жеIэ зи лъэпкъ Iуэхур сыт хуэдэ и лэжьыгъэми лъабжьэ хуэзыщI режиссёр цIэрыIуэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.841
Заказ №2202